Хъущт А. В. теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министр кулыкъур **Хъущт Аслъэнбэч Виталий и къэр** щхьэщыхьи.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрыщІэр ягъэувыху, абы и кьалэнхэр игъэзэщІэну и пщэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрым и къуэдзэ **Хэжь Заур Мухьид и къуэм**.

3. Мы Указым кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ

КІУЭКІУЭ Юрий.

Налшык къалэ
2018 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м
№37-УГ

КІуэкІуэ Юрий зыхуэфащэ ІэнатІэхэм къалэн ящищІащ ущыпсэуну дзыхьщІыгъуэджэ хъуа общежитхэу Налшык къалэ округым хиубыдэхэм щІэсхэр 2018 - 2019 гъэхэм абыхэм къыщІагъэІэпэхъукІыну

Илъэс плІыщым щІигъуащ Налшык дэт общежитхэм щІэсхэр кьыщІэгъэІэпэхъукІыным ІыгъыпІэ кьалэнхэр нэсу зэфІэха зэрымыхъурэ. Ауэ абыхэм ящыщу щытыкІэр щынэхъ гугъущ тІум. Республикэм и унафэщІхэм, щыІэ хабзэхэр я тегъэщІапІэу, иджыпсту Іэмалхэр кьалъыхъуэ а щытыкІэр Іэмал зэриІэкІэ гъэзэкІуэжьным хуэунэтІауэ.

КАЛИНИНГРАД къалэм и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №3 «а»-м щІэсхэм я цІэкІэ зыкъыхуэзыгъэзэжьхэм щаІущІам, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. ныхэм хигъэщащ: «Фэ дывдэІэпыкъун зэрыхуэйм зыми шэч кьытрихьэркъым. Дэ общежитру 36-рэ диІэщ. Дызэрыт илъэсым щІагъэІэпэхъукІыну траухуащ Кадыровым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №15 «б»-м щІэсхэр. Иджыпсту ирихьэлІэу фэтэрий кьащэхуащ, иджыри 89-рэ хуейщ. Сыщоугъэ илъэсым и кІэ пщІондэр ар тхуэзфІэкІыну. Абыхэм щыкІэлъыкІуэу яужь ихьэнущ Калининградкьалэм и цІэр зезыхьэм тет, унагъуэ 62-рэ, псори зэхэту цІыху 223-рэ, ыпІэсэу общежитым щІэсхэр кьыщІэгъэІэпэхъукІыным. Абы папщІэ зыхуеину зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэнущ 2019 гъэм и республикэ бюджетым. Ауэ апхуэдэ Іэмал кьыхуэхІмэ е федеральнэ программэ хэхахэм дыхэхуэфмэ, а Іуэхур щІэздгъэпсынщІэн тхуэзфІэкІынущ. Дэ хэкІыпІэ кьэдгъуэтынщ. Ауэ фэтэрхэр зратын хуейр абы ипэжыпІэкІэ хуэныкъуэхэрщ».

Общежитым щыпсэухэр республикэм и унафэщІхэм гупылитанщэу къызэрамыгъэнэнум ИкІи ахэр абы кьыщІэгъэІэпэхъукІыным хуэунэтІауэ къазэрыдэІэпыкъунум шэч кьыхэзрытрамыхьэр кьыхагъэщащ жэрдэмщІакІэу гупым хэтхэм.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь., хуэунэмыгъэмкІэ, псэупІэ-коммуналнэ, гъэзэгу хозяйствэмкІэ министр Къуныжь В. Хь., Налшык къалэ округым и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Ахъэхъэ Т. Б. сымэ пщэрылъ ящищІащ унэм и щытыкІэр зыкуэдэр зэкапщытэну, кьыхэзрымыкІуэ щытыкІэ абы кьыщІымыхъуным, щыхуэхэр шынагъуэншэу щыпсэуным хуэунэтІа си чэзу кьалэнхэр зэфІафэкьэкІыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2017 гъэм зэфІигъэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа докладым и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Зумакулов Б. М. 2017 гъэм зэфІигъэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа докладым хэпшІауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2017 гъэм зэфІигъэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа докладыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ

ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№848-П-П

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДОКІ

№45 (23.703) ● 2018 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 5, махуэку ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэм и деж Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ щыІэ Советымрэ Хабзэр кьыхэзгъэпэщынымкІэ зэрымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэІущІэмрэ хэтхэр мэлыжьыхьым и 3-м тепсэлъыхьащ щІыхуэхэм я хуитыныгъэхэр кьагъэсэбэпынымкІэ ягъуэт Іэмалхэмрэ щІалэгъуалэм щІэпхъаджагъэ ямылажьын папщІэ республикэ унафэщІхэм ирагъэкІуэкІ Іуэхуэхмрэ.

ЗэІУЩІЭР иригъэкІкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**. Абы хэтащ КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Канунников Владимир**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**, министрхэр, районхэм я щыІпІэ администрацхэм я Іэтащхьэхэр.

КІуэкІуэ Юрий зэІущІэр кьыщыдзэІуихым кьыхигъэщащ республикэ унафэщІхэм, хабзэхьэмэ Іуэхущ Іапі э мрэ кІэльыпІэныгъэхэр кьыдзэзыгъэпэщ ІэнатІэхэмрэ я лэжьакІуэхэм я кьалэнхэ нэхъыщхьэ дыдэр хабзэр кьызэрызэпаУ сыт хуэдэ Іуэхури зэхагъэкІыу, апхуэдэжрэ кьэхъуным щхьэусыгъуэ хуэхъуар ягъэкІуэдын зэрыуейр зэрыарар.

- КІуэхухэм я хуитыныгъэр хъумэнырщ сыт щыгъуи ди нэІэ зытетын хуейр. ЩІэпхъаджагъэхэм япэщІэтыныммкІэ тхуэзфІэкІар нэрылъагъущ. Ауэ абы кьикІыркъым гугъуехьэхэр кьызэдгэкІауэ. Абы и щыхьэтщ цІыхухэм я тхьэусыхафэхэр. Сыхуейт зыкъызэрыфхуагъаз Іуэхум жэуапльныгъэ фхэльу фыбгъэдыхьэну, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ республикэм и хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм я фІыгъэкІэ, 2017 гъэм ятха щІэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр процент 12,3-кІэ ягъэмэщІэн зэрахуэзфІэкІар. «Къэбгъэлъагъуэмэ, Урысей Федерацэм и щыналъэ нэхъ шынагъуэншэхэм ящыщ хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, ауэ иджыри дызэлэжьын куэд щыІэщи, абыхэм яужь дитыпхъащ. Псалъэм папщІэ, суд щІэным и пэ кьихуэну, уголовнэ Іуэхур зэрызэхагъэкІыным теухуауэ щыІэ хабзэхэр кьызэрызэпаудым я бжыгъэм хэщІыркъым. Уеблэмэ 2017 гъэм абыхэм хуэдэ 1,6-кІэ хэхъуащ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм. - Къищынэмыщ Іауэ, щІэпхъаджагъэ кьызэрызэрыуар щатхкІэ, нэкьуасаныгъэ куэд халъхьэ. Цыхухэм я лъэІу тхьлъхэр кьыщІамых къохъу, уебламэ сыт хуэдэ щыкІэкІи щІрагъэгъуэжьну хэтщ Іуэхур кьамыІэтын щхьэкІэ. Апхуэдэ кьэхъун хуейкъым. Цыхухэм и хуитыныгъэхэр сыт щыгъуи япэ игъэщІапхъэщ, щІэпхъаджагъэр хэт имылажьами, абыкІэ жэуап егъэхьын хуейщ хабзэм тету».

ЗэІущІэм кьыщыпсэлъащ КъБР-м и прокурор **Жариков Олег**. Абы жиІащ 2017 гъэм республикэм и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм щІэпхъаджагъэ мин 39-рэ 550-рэ зэратхар. Уголовнэ Іуэхуу мини 5-рэ 968-рэ яІэтащ, мини 3-рэ 625-р зэхагъэкІащ.

- Ныкъусаныгъэ куэд кьыщІэщащ кьэхъуа щІэпхъаджагъэхэр зэратхым теухуауэ, апхуэдэ Іуэхуэр мин 14,5-рэ мэхъу, - кьыхигъэщащ Жариковым. - ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэр кьызэрызэпаудар гъэтэмэмыжын, ахэр кьэзыгъэзыхуахэм жэуап егъэхьын мурадкІэ, республикэм и прокуратурэм 2017 гъэм и учётым хигъэхьэжащ нэхъ ипэкІэ щыІэу щІэпхъаджагъэ зэхуэмыдэжэмкІэ кьамылъыта щІэпхъаджагъэ 565-рэ. Абыхэм ящыщу 152-р щІэпхъаджагъэ хьэлъэщ, 12-р хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ.

УФ-м СледствиемкІэ и комитетым и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщым и кьуэдзэ, юстициэм и полковник **Бабаев Алим** кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ, я Іэнатіэм лэжьыгъэшхэу иригъэкІуэкІ пэтми, сабийхэм лей къащытехьэ щІэпхъаджагъэхэр зэхэгъэкІыным псом хуэмыдэжу мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Абы зэрыжиІамкІэ, следствиемкІэ Іэнатіэхэм Іэхуи 164-рэ ятхащ балигъ ныбжьым нэмысахэм ехьэлІа щІэпхъаджагъэхэр кьызэрыхъуам теухуауэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, иужьрей илъэситхум Къэбэрдей-Балъкъэрым щІалэгъуалэм щалэжьа щІэпхъаджагъэхэр процент 30-кІэ нэхъ мащІэ хуащ. Ауэ иджыри мыльку, автотранспорт дыгъуным, апхуэдэуи хабзэм кьемызэгъэу наркотикхэр щэн-зэхьэлІэнымкІэ ешхэ щІэпхъаджагъэхэр куэду ялэжь.

- 2017 гъэм уголовнэ Іуэху 56-рэ кьэтІэтащ, 2016 гъэм - 55-рэ. Зи ныбжьыр илъэс 16-м нэмысахэм лей зэрырахам теухуа уголовнэ Іуэхуэр 27-рэ мэхъу, нэгъуэщІ залымыгъэ зэрыгъэрахьар - 15, яуклІуэ - 1, зи быныр зыуКІыжа анэм ехьэлІауэ - 1, ямыщІэу цІыху зэрагъэщІэуКІам теухуауэ - 1. Мы зэманым и кІэм ныдогъэс Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цІыхум «Синий кит» фІэщыгъэр иІэу Интернетым кьыщагъэсэбэп джэгумкІэ нэгъуэщІ щынагъуэм щыщ, балигъ ныбжьым нэмыса сабийм зэриГъэуКІыным псом хуэмыдэжу мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Абы зэрыжиІамкІэ, следствиемкІэ Іэнатіэхэм Іэхуи 164-рэ ятхащ балигъ ныбжьым нэмысахэм ехьэлІа щІэпхъаджагъэхэр кьызэрыхъуам теухуауэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, иужьрей илъэситхум Къэбэрдей-Балъкъэрым щІалэгъуалэм щалэжьа щІэпхъаджагъэхэр процент 30-кІэ нэхъ мащІэ хуащ. Ауэ иджыри мыльку, автотранспорт дыгъуным, апхуэдэуи хабзэм кьемызэгъэу наркотикхэр щэн-зэхьэлІэнымкІэ ешхэ щІэпхъаджагъэхэр куэду ялэжь.

- 2017 гъэм уголовнэ Іуэху 56-рэ кьэтІэтащ, 2016 гъэм - зэрыхэхъуар. Нэхъыбэм ялэжьа щІэпхъаджагъэр мылъку къэдгъуныбэ ехьэлІащ - 17-р. Бабаевым зэрыжиІамкІэ, 2016 гъэм кьыщыщІэздзауэ псори зэхэту апхуэдэ уголовнэ Іуэхуэхэр 42-рэ мэхъу. Абыхэм я процент 70-р судым ирагъэхьащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм щыпІэ самоуправленэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, район администрацхэм я Іэтащхьэхэм, егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапі э хэм щІэрылъ ящищІащ гугъуехь хэхуа, унагъуэ хуэмыщІа кьыщыхъу ныбжьыщІэхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащІыну, школакІуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ жыджэру ядэлэжьэну.

ЗэІущІэм кьыщыпсэлъащ КъБР-м и къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и министр **Ромашкин Игорь**, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев Султіан**, Аруан районым и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Куэшей Аэмэт**.

ЗэІущІэм и кІэм КъБР-м и Іэтащхьэм щхьэхуэу и гугъу ищІащ Кемеровэ кьыщыхъуа гуэвэгъуэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми, шэч хэмылъу, гущІыхьэ тщІыхьащ Кемеровэ и сату Іуэхущ Іапі э м кьыщыхъуа мафІэсым апхуэдиз цІыху зэрыхэкІыгъэр, - жиІащ КІуэкІуэм. - Ар зыльэІэсэ унагъуэхэм сыт и гъэныкъуэкІи дэри дадэ-Іэпыкъуну дызэрыхьэзырыр щІыналъэ унафэщІхэм едгъэщІащ. СызэреплъымкІэ, Іэнатіэ Іутым и кьалэныр хабзэм тету зэригъэзащІэм кьыдэкІуэу, «цІыхугъэ» жыхуэтІэжри хэлъын хуейщ. Сыту жьыпІэмэ, Кемеровэ кьыщыкІуам лъабжьэ хуэхьуар Іутхьэ зэІэпыкъныгъэ, къэкІуэнум емыгупсыс дэтхэнэми и щхьэ зэрыдигъэкІыным зэрыпІьарщ. Зыми и жагъуэ сщІыну сыхуейкъым, ауэ гъэзэжьгъуэ кьэхуа иужькІэщ зыкъащІэжу я лэжьыгъэр ягъэзэщІэн щыщІадзэр. Ди щІыналъэр кьапщтэмэ, псом япэу гудзакъэ диІэу дызэлэжьын хуейр ди ГъуэгухэмрэІ Налшык къалэм 1960 гъэхэм лъандэрэ дэт сабий аттракционхэмрэ зыхуей хуэдгъэзэнырщ. Ар щІыжьісІэращ, дэри дызэлэжьыпхъэхэр ди мащІэкъым, сыхуейт екІуэ-ещхьу дэтхэнэми и кьалэныр игъэзэщІэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Къэрал кулыкъущІапІэхэм

Я къалэныр жэуаплныгъэ яхэлъу ягъэзэщІэну къыхуреджэ

● Тырныауз

Вольфрамымрэ молибденымрэ я къыщІэхыпІэхэм щылэжьыпхъэхэр яубзыху

«Ростех» къэрал корпорацэм и Іэщ Іагъэлі хэр Тырныауз вольфрам-молибден къыщІэхыпІэм къэкІуащ, заводыр ежьэжьын папщІэ лэжьыпхъэ я кьапэщыльхэр яубзыхун папщІэ.

ВОЛЬФРАМРЭ молибденрэ Тырныауз къыщыщІахыу зэрызэтрагъэувэжьыну и «гъуэгу картэр» ягъэзащІэкІэрэ, «Ростех» къэрал корпорацэм и Іэщ Іагъэлі гуп ди щыпІэм къэкІуащ. Абыхэм бгым щІэлъэм, производственнэ объектхэм я щытыкІэм зыщагъэгъуэзащ, адэкІэ зэлэжьыпхъэхэр нэхъ тэмэму яубзыхуфын папщІэ. А псори къагъэсэбэпынымщ технико-экономикэ тегъэщІапІэхэмрэ проект-сметэ документацэмрэ щызэхалъхьэкІэ.

Фигу къэдгъэкІыжыщи, 2016 гъэм и щкІуэгуэ мазэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къэралым и Правительствэм пщэрылъ щищІащ Тырныауз вольфрам-молибден къыщІэхыпІэм и лэжьыгъэр зэфІэзыувэжьынымкІэ проект щхьэхуэ ягъэхьэзыру, жэрдэмхэр къыхалъхьэну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Футбол

СКА (Дон Іус Ростов) - «Спартак-Налшык» - 1:0

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхъэзэхуэм ипкъ иткІэ Батайск къалэм дыгъуасэ щызэхэта зэІущІэр апхуэдэу иухащ.

СКА-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» зэрызэдзэжьгуамрэ зи чэзу зэІущІэхэм яужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 5, *махуэку*

♦Къалмыкъ Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦Корее Ипщэм щагъэлъапІэ жыгхэр хэсэным и махуэр

♦Къэзахстаным Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхуэхэр зи нэІэ щІэт и полицэм и махуэщ

♦ 1241 гъэм Невский Александр и дзэм Чудскэ гуэлым и деж нэмыцэдзэр щІэзэтрикьутащ.

♦ 1905 гъэм Курп Ищхьэрэ къуажэм и мэкъумэшыщІэхэм зыкъыІэтащ.

♦ 1941 гъэм фашист Германиемрэ Италиемрэ я дзэхэр Югославиемрэ Алыджымрэ ятеуащ.

♦ 1942 гъэм Гитлер Адольф унафэ ищІащ и дзэхэм я кьару нэхъыщхьэхэр Кавказым и щыдагъэр зыІэрагъэхьэным хуэзыщІагъэуІуэу абыкІэ кьаунэтІыну.

♦ 1943 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром унафэ кьищтащ Бахъсэн ГЭС-р зэфІэгъэувэжьным теухуауэ.

♦ 1943 гъэм Налшык дагъэ щыщІахуу дэт завод №1-р зэфІагъэувэжащ.

♦ 1955 гъэм Инджылызым и премьер-министр кьулыкъум текІащ Черчилль Уинстон. Ар илъэс 50-м щІигъукІэ политикэм хэтат.

♦1977 гъэм СССР-м кьыщІэкІэкІи щыщІадзащ ВАЗ-2121 автомобиль - «Нива» зыфІащар.

♦1992 гъэм Босниемрэ Герцеговинэмрэ къэралым унафэ кьищтащ Югославием кьызэрыхъэкІым теухуауэ.

♦1993 гъэм УФ-м и Правительствэм и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ «Лукойл» щІыдагъэ компаниер.

♦Австриеми щыщІ дирижёр цІэрыІуэ **Герберт фон Караян** кьызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Кустинская Наталье** кьызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦БэзэщІэныгъэлІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **ПІаз Сергей** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Къалмыкъ Республикэм и унафэщІу щыта, Дунейпсо шахмат федерацэм и президент **Илюмжинов Кирсан** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Урысей спортсменкэ, дунейпсо боксымкІэ и чемпионкэ **Рогозинэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонист цІэрыІуэ, дунеймы Олимп джэгуэхэми я чемпион **Волков Алексей** и ныбжьыр илъэс 30 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 14, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 6, *мэрем*

♦Зыужьыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ яхуэлажьэ спортым и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2013 гъэм щыщхьэуІуэм и 23-м ужьрэ кьищтащ илъэс къэс а махуэр мэлыжьыхьым и 6-м къэралхэм зэдгъэлъэпІэным теухуауэ.

♦СтІолыщхъэ теннисым и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Къыргъызым щагъэлъапІэ физкультурэмрэ спортымрэ я лэжьакІуэхэм я махуэр

♦248 гъэм римдзэхэм Іэтауэ яГъэлъапІэуэ щытащ я кьалэр илъэс мин зэрырикъур. Тхыдэджхэм кьагурыІуэркъым а махуэм икІи а илъэсым ар щІагъэлъэпІар, сыту жыпІэмэ, Урымым и тхыдэм и пэжыпІэр нэсу зыщІэу Іуэхуэр кьалъытэ Варрон Марк зэрыжиІамкІэ, Рим кьалэм и лъабжьэр Ромул щигъэтІылъар 753 гъэм и мэлыжьыхьым и 21-рщ.

♦1814 гъэм Наполеон Франджым и пащтыхь кьулыкъым текІыну кьытрагъэхьэри, апхуэдэ лъэбакъуэ зэпхуэ ирагъэчауэ щытащ франджыдзэм и маршалхэу Мортьерэ де Марминрэ.

♦1896 гъэм Афинхэм (Алыдж) кьыщыщІэзэІуахуэ щытащ ипэ гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр. Зэпеуэхэр щекІуэкІащ «Панатинаикос» алыдж стадионым. Абы ипэ олимп чемпион щыхъуауэ щытар США-м щыщ, атлетикэ псынщІэ спорт лІэужьыгъуэм щиІа зэфІэкІхэмкІэ цІэрыІуэ Коннолли Джеймс Бренданщ.

♦1899 гъэм Москва и уэрамхэм кьыдыхьащ электрокъарукІэ лажьэ ипэ трамвайр.

♦1930 гъэм Варшэ Плъыжь орденыр кьащтащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым цІыху нэхъыбэ дыдэм хуагъэфэща къэрал дамыгъэхэм ящыщщ ар.

♦1941 гъэм нэмыцэ кьэхъулъатэхэм Югославием и щыхьэр Белград лагъымкІэ дадзэн, къалэр зэхэкъутэн щІадзащ.

♦Урысей жылагъуэ лэжьакІуэ, тхакІуэ-публицист **Герцен Александр** кьызэралъхурэ илъэс 206-рэ ирокъу.

♦Урыс дохутыр цІэрыІуэ, хирург Іэзэ дыдэу кьалъытэу щыта, профессор **Склифосовский Николай** кьызэралъхурэ илъэси 182-рэ ирокъу.

♦Тхьдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Акмеологие щІэныгъэхэм я академиеу Санкт-Петербург щыІэм и действительнэ член **Бэчыжь Мухьтар** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, кинорежиссёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Любшин Станислав** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, композитор, УФ-ми Къалмыкъ Республикэми я цІыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал сауГъэтым и лауреат **Темыркъан Борис** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, Адыгэ къэрал университетым и профессор **Бырсыр Батырбий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **АбытІэ Хъызыр** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Психологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Бэрдэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХъуэкІуэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Адыгей тхакІуэ **Гъыш Рахьмэт** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ДыгъужьитІ зы гъуэ изагъэркъым.

● «Адыгэ псалъэр» къыхьызох

Газетыр и унагъуэ икІыркъым

Хьэтуей кьуажэм щыщ Щхьэщэмыщ Сэмра илъэс 89-рэ мэхъу. Нанэм зэрыжиІамкІэ, зэрищІэжрэ «Адыгэ псалъэ» газетыр я унагъуэ икІакъым, зы тедзэгъуэ блимыгъэкІыну сыкъоджэ. Псом хуэмыдэу сфІэфІщ псалъэзэблэдзэкр. Къищынэмыщ Іауэ, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр сфІэгъэщІэгъуэнущ. Адыгэ лъэпкъым ди бзэкІэ кьыдэкІыу а зы газетыращ диІэри, сыхуейт абы елэжьэн я гукъыдэжьи мыужьхьэу, Іуэху дахэм хуэпэжу иджыри илъэс куэдкІэ газетыр яГъэпсэуну. Сэ иджыри сыжанщ, си ныбжьыр зэкІуэтами. Ауэ кьыкІэлъыкІуэ тедзэгъуэр хэмыс щыкІэ зыгъуэ кьыщыщІмэ, жысІэу согузавэ. Си гъащІэр «Адыгэ псалъэм» и щыщІэныгъуэхэмкІэ зэрыпызбжыкІыр, - жеІэ Сэмра.

Зи анэдэлъхубзэм хуэпэж, си гур хуэзІуха, газетыр зыгъэлъапІэ нанэм кьэгурыльхъу-гъурыльхъу 15 иІэщ, абыхэм и бынжьыи щыкІу 30 илъэгъуакІэщ.

Ди гуапэу дохъуэху Сэмра и гъащІэр «Адыгэ псалъэм» кьиГъэнэхуу иджыри куэдрэ узынщэну.

● Гу зылъытапхъэ

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2018 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ «Урысейм и пощт» федеральнэ Іуэхущ Іапі эм и кьудамэм - КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2018 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэныр.

Фэ нэхъ фигу ирихьу фызыдзэ кьыдэкІыгъуэхэм Іэ щытебдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі эм, почтамтхэм. Абыхэм Іэ зыщІэвдза газетхэр, журналхэр и чэзум унэхэм ныфхуахьынущ е, апхуэдэ Іуэхутхьэбзэр нэхъ кьафщтэмэ, пощтхэм кьыщыватыжынущ.

Іэ тедзэныр зэрыщІэупщІэн щыІэмэ, пощтхэм я лэжьакІуэхэм жэуап кьыватынущ.

А Іуэхур иужьрей махуэхэм фымыгъэІэпэхъуэ газетхэм, журналхэм Іэ тевдзэ.

КъБР-м и УФПС - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал унитарнэ Іуэхущ Іапі э.

ДэІэпыкъуныгъэр зэрыратыр къапщытэ

КЪР-м и Парламентым Хабзэм тетыныр зэрыгъэхьыжІэ и комитетым и жэрдэмкІэ иджыблагъэ екІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым юридическэ дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэр зэрыщатым теухуауэ» КЪР-м и Хабзэр гъэзэщІэным хэлъ гугъуехь нэхъыщхьэхэм.

● Абы дегъэпІейтей

ЗэІущІэр къыщызэІуихым, КЪР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** жиІащ льготэ щхьэхуэхэмкІэ юридическэ дэІэпыкъуныгъэ зыгъэгъотыну хуитыныгъэ зиІэ щІыналъэ мин 79-м нэблагъэ республикэм зэрыщыпсэур. Егоровэм къыхигъэщащ юридическэ дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэр зэрат щыкІэр щыубзыхуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэ пыухыкІахэр зэрыщылажьэр, арщхьэкІэ ахэр щагъэзащІэкІэ гугъуехьхэр къызэрыкъуэкІыр.

КЪР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхуэр ІэнатІэкІэ къызэрэпэщыныр социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Романовэ Еленэ** жиІащ республикэ хабзэм 2017 гъэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм ябгъ иткІэ, юридическэ дэІэпыкъуныгъэ езыгъэуэчылхэр КЪР-м ЛэжьыгъэмкІэ, цІыхуэр ІэнатІэкІэ къызэрэпэщыныр социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрствэмрэ КЪР-м и Уэчылхэм я палатэмрэ зэращыІа ІэгурыІуэныгъэхэм тету къызэрырашэлІэнур.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкІэ, 2017 гъэм КЪР-м и бюджетым сом мелуани 3 къыщалъытауэ щытащ, уэчылхэм иратыну улахуэм тещыхьауэ. АрщхьэкІэ пщІэншэу ята юридическэ дэІэпыкъуныгъэр къыщыгъэлъэгъуауэ КЪР-м и Уэчылхэм я палатэм игъэхьэзыра дэфтэрхэр мардэхэм техуэрэтэкъыми, ахъшэр къагъэсэбэпыну.

2017 гъэм министерствэм іэжьыгъэ пыухыкІахэр иригъэкІуэкІащ результатхэм щыпсэухэм я хуитыныгъэхэр зыхуэдэр ирагъэщІэн папщІэ. Апхуэдэу, мэлыжьхьыым и 18-м къызэрагъэпэща зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым юридическэ дэІэпыкъуныгъэхэр зэрыщытым, щаубзыхуат юридическэ дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэр зэрыхэдгъуп.

Романовэ Еленэ зэрыжиІамкІэ, а гупым къипщытащ юридическэ дэІэпыкъуныгъэр пщІэншэу цІыхухэм зэрагъэуэтыр, ар къэзыгъэсэбэпыну хуитхэр ягъэбелджылыри, хъыбарыр хэІущІыІу ящІым мурадкІэ, тхыгъэ кІэщІхэр зэбграхэзащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэбэрдей-Балъкъэрым юридическэ дэІэпыкъуныгъэхэр зэрыщытым, щаубзыхуат юридическэ дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэр зыхуэздэнур зыгъэбелджылыну лэжьакІуэ гуп.

Романовэ Еленэ зэрыжиІамкІэ, а гупым къипщытащ юридическэ дэІэпыкъуныгъэр пщІэншэу цІыхухэм зэрагъэуэтыр, ар къэзыгъэсэбэпыну хуитхэр ягъэбелджылыри, хъыбарыр хэІущІыІу ящІым мурадкІэ, тхыгъэ кІэщІхэр зэбграхэзащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэбэрдей-Балъкъэрым юридическэ дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэр Іэхэгъуэ 115906-м екъэлІауэ ираташ.

УФ-м Юстицэмкіэ и министерствэм и управленэу КЪР-м щыІэм и унафэщІ **Кужонов Жантемыр** къыхигъэщащ зи гугъу ящІ законыр зэрагъэзащІэм я Іэхэущіапіэм зэпымыууэ и нэІэ зэрытригъэтыр. Абы жиІащ къэрал юридическэ бюро Іэмал имыІэу къызэгъэпэщын зэрыхуейр. Ар сэбэп хуэхъунут юридическэ дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэмкІэ Іэхэутхэбзэхэр егъэфІэкІуэным, апхуэдэуи дэфтэрхэмрэ уэчылхэм я улахуэмрэ гъэхьэзырынір нэхъ тынш ищІынут.

КЪР-м и Уэчылхэм я палатэм и унафэщІ **Къумал Хьэжысмел** зэрыжиІамкІэ, я Іэхэущіапіэм ильэс къэс еубзыху Къэбэрдей-Балъкъэрым юридическэ дэІэпыкъуныгъэр пщІэншэу цІыхутыну гъэпсыкІуэ.

Абы къызэщІеубыдэ уэчыли 149-рэ. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкІэ, иджыри къэс абыхэм къэхэкІахьи юридическэ дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэр езытын зымыда. Апхуэдэ къэхъуахэмэ, уэчылым жэуап ирагъэхьынущ.

Къумалым дыщІигъуащ дэфтэрхэр гъэхьэзырырым зэман куэд зэрытекІуадэм къыхэкІыу, уэчылхэм я нэхъыбэм зытепсэлъыхь дэІэпыкъуныгъэр улахуэнэу ираты нэхъ къызэрращтэр.

ЗэІущІэм хэтхэр тепсэлъыхьащ уэчылхэм улахуэ я Іыгъыхьэн папщІэ ягъэхьэзыр дэфтэрхэр нэхъ мащІэ зэрращІыфыну Іэмалхэм, социальнэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ цІыхухэм щІэпшэу хуащІэ Іэхэутхэбзэхэр нэхъыбэ щІынут. КъищынэмыщІауэ, республикэм электроннэ хъыбарегъащІэ къыщыІэтэпэщын зэрыхуейр жаІащ. Абы къыщыгъэлъэгъуну я мурадщ юридическэ дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэр зратыну цІыхухэм я теуухуа хъыбархэр.

КЪР-м и Парламентым и пресс-Іэхэущіапіэ.

Къэралыр зытелажьэр абы исхэм я сэбэп зыхэлъхэрщ

2017 гъэм зэфІагъэкІахэм я Іуэхукіэ ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм ищІа доклад

«Граждан жылагъуэ лъэщыр, жэуапльныгъэ зыхэлъыр, щхьэхуитыр зэхъуэкІыныгъэхэр дяпэкІэ къызэрызэтемыувыІэжьынумкІэ шэсыпІэу къызолъытэ. Абы и Іэнатіэхэр зытелажьэр зыужьныгъэрщ, къэралым ис цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэрщ, социальнэ къалэн мытыншхэр дэгъэкІынырщ».

ПУТИН Владимир

Зумакулов Борис

ЦІЫХУМ и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм гъэ къэс игъэхьэзыр докладыр итхащ «ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іуэхукіэ» 2006 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №982-РЗ-м и 25-нэ статьям ипкъ иткІэ икІи мы къэкІуэнэуэр и лъабжьэу:

цІыхухэм щаІущІам, абыхэм республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм щекІуэкІа зэІущІэхэри яхэту, къыІэрыхьа хъыбархэр;

республикэм и цІыхухэм, Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм щыпсэухэм, гражданствэ зимыІэ цІыхухэм, нэгъуэщІ къэрал цІыхухэм зэрызыкъыхуагъэзэхэр;

Уполномоченнэр зэрыщІэупщІам тету гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я щІыналъэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм къабгъэдэкІа хъыбархэр;

Уполномоченнэр къэрал, кІэнэмыщІ Іэхэущіапіэхэм, абыхэм ягъэтІысахэр щаІыгъ Іэхэущіапіэхэри яхэту, щыщыІам къулыкъущІэхэмрэ кІэнэмыщІ цІыхухэмрэ къыжраІахэр;

цІыхухэм я хуитныгъэхэр хъумэным теухуа конференцэхэм, зэхьхьэхэм, лъэныкъуэ куэд къызэщІэзыубыдэ зэІущІэхэм къыщаІэта Іэхэущхэмрэ абыхэм къыщащта документхэмрэ;

цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхэущіапіэхэм, абыхэм Интернетри яхэту, къыградзахэр.

«ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іэхэукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 25-нэ статьям и Іыхьэ 1-м къызэригъэувэ тету, мы докладыр хуагъэхъ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым.

Докладым къыщыгъэлъэгъуащ цІыхухэм Уполномоченнэм зэрызыкъыхуагъэза тхыгъэхэр нэхъыбэу зытеуухуахэр, тхьэусыхафэхэм я бжыгъэмрэ ахэр кІыщІаІэт щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэмрэ, цІыхум и хуитныгъэхэр къыщІэзэпаудым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэмрэ цІыхум и хуитныгъэхэр къызэпаудыныкІэ Іэмалхэр щыщІэмрэ, апхуэдэу къызэпаудэ хуитныгъэхэр зэтегъэувэжьынымкІэ уполномоченнэм, къэрал, муниципальнэ органхэм зэфІагъэкІахэр.

Хэзыгъэгъуазэ

2017 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр Урысейм зэрыхьыхьэр ильэс 460-рэ зэрырикъум зыхэгъэхьэзырыным икІи ар гъэлъэпІэным и дамыгъэм щІэту. Абы теуухуа дауэдащІэхэм жьыджэру хэтащ Уполномоченнэмрэ абы и аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ. Уполномоченнэр республикэм и делегацэм хэту 2017 гъэм фокІадзэм и 5-м щыІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьыхьэрэ ильэс 460-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ Москва щІыналъэм, Урысей псом я Патриархь Кирилл Новосласскэ члисэм фэеплъ пхъбгъу къыщыдэІуихым.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ юбилейр гъэлъэпІэныр республикэм и жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ гъащІэм и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыувар икІи лъэпкъ, дин зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэныкІэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыкІэ сэбэп зэрыхъуар.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэташхьэ КІуэкІуэ Ю. А. зэрыжиІамкІэ, «2017 гъэм кІэрикІуэхэм къагъэлъэгъащ республикэм зыщыгугъа мурадхэр зэрызригъэхъулІэфар, макроэкономикэ бжыгъэ нэхъыщхьэхэр зэрефІэкІуар».

Властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, граждан жылагъуэ Іэхэущіапіэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм зэгъэуІуэуэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІыщІэкІэ нэрылъагъуу ефІэкІуащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зэребэныр. Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япыщІа Іуэхухэм хэгъэзэгъэжьныкІэ щыІэ комиссэм (ар къызэрызэрагъэпэщрэ Комиссэм и лэжьыгъэм Уполномоченнэр жыджэру хэтщ) фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъыр, мамыр гъащІэм хэувэжыну мурад зыщІахэм законодательствэм къарит Іэмалхэр къагъэсэбэпын папщІэ къагъэжьа лъэпхэм и зэманым зэрыкъэплъар. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ 2017 гъэм къриубыдэу республикэм терроризмэм пыща зы щІэпхъаджагъэ къызэрыщымыхъуар.

А Іуэхур докладми къыхощ, сыту жыпІэмэ щІыхухэм къащхьэщыжьынымкІэ къэрал Іуэхущіапіэр езы субъектым и щІыналъэм щолажьэ икІи абы къызщыхьу ІуэхуфІэхэри узыгъэгузавэхэри цІыхум и хуитныгъэхэм къащхьэщыжьынымкІэ екъмыуалІэу къанэркъым. Апхуэдэу 2017 гъэм ильэсри 10 ирикъуащ ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэм и Іэхэущіапіэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрыщызэІуахрэ.

(КІэлъыкІуэр 3-нэ нап.).

● Мэлыжьыхьым и 4-р МафІэсым пэщІэтынымрэ ІэнатІэр республикэм къыщыщызэрагъэпэща махуэщ

Гуэвэгъуэм дыщызыхъумэхэр

Иужьрей илъэситхум Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафІэсгъэункІыфІхэм мафІэхэмрэ гъуэгу-транспорт къэхъукъащІэхэмрэ къыщыгъэлащ цІыху 578-рэ.

ДЗЭЛЫКЪУЭКЪУАЖЭ дэт мафІэсгъэункІыфІ часть №9-м и плъыр къэрэгъулым щылажьэхэр щІэх-щІэхыурэ макІуэ «Кавказ» федеральнэ гъуэгум машинэ щызэжьэхуамэ, нэгъуэщІ къэхъукъащІэ щыІэмэ. Нэхьапэм ахэр автомашинэткІэ кІуэрт гущэвэгъуэ къыщыхуа щыІпІэм: мафІэр ягъэункІыфІын, машинэм гъэсыныпхъэ щыщижа щІыпІэм тхъурымбэ тракІэн папщІэ. МафІэсгъэункІыфІхэм я дежкІэ ар тынштэкъым икІи зэман щафІэкІуэд щыІэт.

Іуэхур апхуэдэу щытащ 2008 гъэ пщІондэ, Дзэлыкъуэ районым мафІэсым зыщыхъумэныкІэ и гупым и унафэщІ Дау Юрий жэрдэм къыхилъхьэу, мафІэсгъэункІыфІ-къегъэлакІуэ автомашинэр нэгъуэщІу зэтригъэспыхьыху.

Куэд дэмыкІыу мафІэсгъэункІыфІ часть №9-м и лэжьакІуэхэм, абыхэм яхэтт гъущІыр зэпызыгъавэ, зылэ, кузовщик Іэщіагъэм фІыуэ хэзыщыкІхэр, автомашинэр хуагъэкІуащ мафІэр гъэункІыфІным, къинэмыщІауэ, гущэвэгъуэм хэхуахэр къызэрыгагъэ Іуэхухэри иризэфІахьыным. Автомашинэм хохьэ киловатти 10 хъу генератор, газоэлектросварк, домкрат, лэныстэ, къэзыгъэнэху прожектор лъэщхэр. Мы автомашинэм мафІэсыр къыщыхъуа щІыпІэм нигъэсыфынущ псы тоннитІрэ ныкъуэрэ, тхъурымбэ зыщІ литр 350-рэ. Абы ирилэжьэфынущ а Іэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэпым хуеджа дэтхэнэ мафІэсгъэункІыфІр.

ЩІышылэм и пщэдджыжьым «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэзэуэ (ФАД) и 402-нэ километрым къыщыхъуа гъуэгу-транспорт къэхъукъащІэм хэкІуэдащ цІыхуипІл, апхуэдизми фбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ. ДТП-м теуухуа хъыбарыр ПЧ-9-м къыІэрыхьащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 34-м. Пльыр къэрэгъулым и унафэщІ Гэнэгъэпщ Алим, мафІэсгъэункІыфІхэу Мэхъуэщ Щэрбий, Щэрбий Асльэнбэчэр, шофёр Лыджыдэ Мурат сымэ «Лада-Калина», «КамАЗ» автомашинэхэр щызэжьэхэуа щІыпІэм псынщІу нэсащ. Гидравликэ ІэмэпсымэхэмкІэ мафІэсгъэункІыфІхэм бжэхэр Іуахащ, адэкІэ газкІэ лажьэ пхъэхыр къагъэсэбэпри, автомашинэм и щхьэр трахащ. Иужьым абыхэм «Лада-Калина» автомашинэм иса цІыхуитхури ирахащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, плІыр дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэжтэкъым - ахэр зэуэ иукІат. Рулым дэсар мафІэсым пэщІэтхэм ираташ ДТП-р къыщыхъуа щІыпІэм къэкІуа «Медицинэ катастроф» гупым и дохутырхэм. КъыкІэлъыкІуэу мафІэсгъэункІыфІхэм «КамАЗ»-м и кабинэм къращащ шофёрымрэ абы бгъурыса цІыхуитІымрэ. Апхуэдэ щыкІэкІэ дзэлъыкъуэ мафІэсгъэункІыфІхэм цІыхуипІл къраг-ъалащ.

Мы лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІым, шынагъуэ къыкъуэкІат дагъэ къижар къэлыдыкІэ хъуну. Мыбдежми пльыр къэрэгъулым и къудамэм Іуэхур псынщІэу зэфІихащ: мафІэсгъэункІыфІхэм автомашинэхэм я аккумулятор батареехэмрэ газ баллонхэмрэ ягъэункІыфІри, дагъэр зытелъэда гъуэгум тхъурымбэ тракІащ. Къыхэдгъэщынщи, мыр зы къэхъукъащІэ закъэущ. Псори зэхэту 2013 - 2017 гъэхэм КЪР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал Іуэхущіапіэм (ГПС) мафІэсым щыхъумэныкІэ и Іэнатіэхэр ДТП-м и лъэужьхэр гъэкІуэдыжьынымкІэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыну 135-рэ дэкІащ икІи абыхэм кърагъэлащ цІыху 243-рэ.

«Кавказ» федеральнэ гъуэгур Дзэлыкъуэкъуажэрэ Анзорейрэ кІуэцІрокІ. Араущи, гъуэгу къэхъукъащІэхэм нэхъыбэрэ кІуэн хуей мэхъу а къуажэхэм щыІэ ПН №9, №14 мафІэсгъэункІыфІ частхэм я пльыр къэрэгъулхэр (113-рэ дэкІащ, цІыху 218-рэ кърагъэлащ). А илъэситхум къриубыдэу КЪР-м и ГПС-м мафІэсым щыхъумэныкІэ и къудамэхэр мафІэс къыщыхъуа щІыпІэхэм 1893-рэ кІуащ, абыхэм къращрагъэлащ цІыху 355-рэ сом меларди 3-рэ мелуан 215-рэ и уасэ мыцІыкурэ.

Пльырхэм я лэжьыгъэм хэзыщІыкІхэм зэрыжаІэщи, мафІэсгъэункІыфІхэм зыщІрагъэхыну зэман яІэкъым. Ахэр йоджэ, загъасэ, я Іэпкълъэпкъыр япсыхь. Апхуэмыдэуи хъунукъым: гуэвэгъуэ хэхуа цІыхур зыщыгугъыми къалэнышхуэ и пщэ къыдохуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафІэсгъэункІыфІхэм ар зэрызыхащІэм шэч хэлъкъым.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

КЪР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІа зэІущІэр теухуат электроннэу зэфІагъэкІкъэрал Іуэхутхьэбзэхэм къаззэрыхэхъуэм.

Электроннэ Іуэхутхьэбзэхэм къахохъуэ

Сурэтыр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

РЕСПУБЛИКЭ МВД-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэкмкіэ и Управленэм пщэрылъ хэхахэмкІэ и инспектор нэхъыжь **Бекъул Сэлим** къыззэрыкІуэщащи, я Іэнатіэм Урысей Федерацэм и цІыхухэм, хамэ къэрал щыщхэм, гражданствэ зимыІэхэм, апхуэдэуи Іуэхущіапіэхэм къэрал Іуэхутхьэбзэ лІэужьыгъуэ 17 хуащІэ, абыхэм ящыщу 6-р электроннэу.

- Управленэм 2017 гъэм цІыхухэм яхуищІащ къэрал Іуэхутхьэбзэу 235724-рэ, 2018 гъэр къыззрихьэрэ - мин 25-м щІигъу. Мы зэманым щІэупщІэшхуэ иІэщ Къэрал, муниципальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ зыуэ щыт порталым (www.gosuslugi.ru). Абы Іэмал къуат зэман кІэщІым, чэзум ущымыту уи Іуэхур зэфІэпхыну, уеблэмэ узыщІэлъэІуа дэфтэрыр зэрагъэхьэзырым а порталым ущыкІэлъыплъыфынуц, - жиІащ полицэм и майор Бекъул Сэлим.

КЪР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м регистрацэ-экзамен лэжьыгъэм кІэлъыплъынымкІэ и къудамэм и къэрал инспектор, полицэм и майор **Боттаевэ ФатІимэ** зэрыжиІамкІэ, я Іуэхущіапіэм зэфІех къэрал Іуэхутхьэбзищ: АМТС-мрэ абыхэм я прицепхэмрэ тхыныр; экзаменхэр къеІыныр, шофёр тхьлъхэр етыныр; ГуэгУм зэрыщыкІэкІу хабзэхэр къызэрызэпаудам теуухуа хъыбарыр ирагъэщІэныр.

- Махуэ къэс Къэрал автоинспекцэм ирегъэкІуэкІ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэр, абы электроннэри хьыхьэу, егъэфІэкІуэныр, МРЭО-м и Іэнатіэ дэтхэнэми иІэщ Зыуэ щыт къэрал Іуэхутхьэбзэ порталымкІэ закъыкъузэзыгъаз цІыхухэм, Іуэхущіапіэхэм хухэха егъэблагъэпІэ. А ІуэхутхьэбзэхэмкІэ зыкъыт хуэзыгъазэхэм я бжыгъэми хохьэ. Нэгъабэ электроннэ Іуэхутхьэбзэ 3946-рэ яхуэтщІащ. 2018 гъэм и щІышылэ - мазэе мазэхэм - 882-рэ, - жиІащ Баттаевэм.

Щіэпхъаджагъэу къэхъуам я хъыбарыр зэкІуалІэ (ИЦ), республикэ МВД-м и центрым и инспектор нэхъыжь, къэрал кІуэцІ къулыкъум и капитан **Трамэ Оксанэ** кърибжэкІащ МВД-м и ИЦ-м зэфІигъэкІ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр. Къыхигъэщащ цІыхуэр зыщІэупщІам я бжыгъэр махуэ къэс нэхьыбэ зэрыхъур. Къапщтэмэ, иужь мазитІым къаІэрыхьащ лъэІу 2278-рэ.

- ИЦ-м сыт хуэдэ справкэри пщІэншэу ет, апостилым къыщынэмыщІа. Иужьрейм къыщынэмыщІа къэрал пошлинэу (Сбербанкым) сом 2500-рэ итын хуейщ. ИЦ-м цІыхухэм щаІуощІэ блыщхьэ - марем махуэхэм, апхуэдэуи мазэм и етІуанэ, еплІанэ щэбэтхэм. Іуэхутхьэбзэхэм ятеухуа лъэІуэр щыІахыр МФЦ-мрэ Къэрал ІуэхутхьэбзэхэмкІэ зыуэ щыт порталымрэщ, - жиІащ Оксанэ.

КЪР-м щыІэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкІуэкІым кІэлъыплъныныкІэ и управленэм и юридическэ лицохэм, хъэрычэтыщІэхэм яхуищІэ Іуэхур Іуэхутхьэбзэ лІэужьыгъуэхэм журналистхэр щигъэгъуэзащ республикэ МВД-м и УНК-м и къудамэм и унафэщІ, полицэм и майор **Къуэщысокъуэ Руслан**.

- Управленэм зыкъыкъзэрыхуагъазэхэмрэ лъэІуэхэмрэ къыщыІах абы хуащІа пэшым. Ди лэжьакІуэхэм егугъуу зэфІах къэрал Іуэхутхьэбзэхэр, абыхэмкІэ мыаразы къахэхкІмэ зрагъащІэ. Мы гъэм къытІэрыхьакъым зы тхьэусыхафи. Ар и щыхьэтщ ди лэжьакІуэхэм я пщэрылъхэр темэму зэрагъэзащІэм, - къыхигъэщащ Къэущысокъуэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«ЩыІэщ апхуэдэ ІэщІагъэ - Хэкур хъумэн»

Тхыгъэм фІэщыгъэ хуэтщІа ІэщІагъэм пылъ пщІэ лъагэмрэ жэуаплныгъэ инымрэ щытепсэлъыхьащ КЪБКъУ-м Хъыбарегъащіэ технологиехэмрэ экономикэмкІэ и колледжым (КИТиЭ) иджыблагъэ щекІуэкІа зэхуэсым. Университетым и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Солгаловэ Наталье хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, КИТиЭ-м и студентхэм къахуэкІуат КЪР-м и дзэ комиссар Лыхъ Мухъэмэдрэ Прохладнэ къалэм щыІэ дзэ часть 31681-м и 346-нэ спецназ бригадэ щхьэхуэм и командир полковник Стрельцов Вячеславрэ.

«ОФИЦЕРХЭР» фильм цІэрыІуэм хэта «ЩыІэщ апхуэдэ Іэщіагъэ - Хэкур хъумэн» псальэхэр зи къыхуеджэныгъэ зэхуэсым къыщІэхэр щытепсэлъыхьащ дзэ къулыкъум хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, абы пылъ пщІэмрэ нэмысымрэ. Ильэс куэд и пэкІ ЪкБКЪУ-р къэзыуха Лыхъ Мухъэмэд жиІащ апхуэдэ дзэр щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, псом хуэмыдэу хъыбарегъащІэ технологиехэм фІыуэ хэзыщІкІ ІэщіагъэлІэхэм зэрыхуэныкъуэр.

- Зи щІалэгъуэхэр фыкъыхуэдожэ Хэкум къулыкъу пэж хуэфащІэну, - къыхигъэщащ Лыхьым. - ИужькІэ Іэ тевдзэу къулыкъум адэкІи пыфщэхъунущ, фыхуеймэ.

Лыхьым и псальэхэм пищэу, зэІущІэм къыщыпсэльащ Стрельцов Вячеслав. Абы студентхэр щыІуаззэ хуищІащ зи пашэ дзэ спецназ бригадэм хэтхэм я пщэрылъ къалэнхэм, частым щызекІуэ хабзэхэм, щыщыІэ псэукІэм. А псори щІигъэбыдэжу щІалэгъуалэр ирагъэплъащ Прохладнэ къалэм щыІэ дзэ часть 31681-м теуухуа видео презентацэ.

ХьэщІэхэм къыжраІахэм ящыщ куэд яфІэхьэмэтащ студентхэм. ИужькІэ абыхэм я упщІэхэм жэуап къратащ Лыхьми Стрельцовми. ЩІалэгъуалэр щІэупщІэрт КИТиЭ-р къзыуухэм сыт хуэдэ дзэ частхэм къулыкъу щащІэну нэхъыбэфІми, бзылъхугъэ куэд дзэм ираджэми, дызытехьа гъатхэм КЪР-м щыщу къулыкъум щІыу дапщэ ираджэнуми, н. къ.

КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ Іуэхухэмкіэ и проректор Къумыкъу Іэуесрэ КИТиЭ-м и унафэщІ Нэхущ ФатІимэрэ зэІущІэм и кІэухыу къэщІэ лъапІэхэм ф Іыгъэ ин хуащІащ къаззэрыхуеблэгъам, щІалэгъуалэр зыщІагъэдэІуа Іущагъэхэм папщІэ. ПЪэныкъуитІми къызэхуэсахэр ящагъэгугъащ я зэдэлэжьэныгъэм адэкІи пащэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ПщІэ зыхуэтщІ Мурат! ЩІэныгъэлІ цІэрыІуэм, жылагъуэ лэжьакІуэм уи ныбжьыр илъэс 60 зэрырикъумкІэ дынохъуэхъу!

● Юбилей

ХъуэкІуэн Мурат илъэс 60 зэрырикъумкІэ дохъуэхъу!

ДЭ УЗЭРЫТЦІЫХУР зи Іэщіагъэм хуэІэзэ лэжьакІуэщ, мурад лъагэхэр зиІэ, къару мыкІуэщІыж, егугъуныгъэшхуэ зыхэлъ цІыхуущ. Уи гъащІэ бгъэдыхьэкІэм, ерыщагъым, Іэхуэм нэгъэсауэ узэрыдихьэхым адрейхэр зыбгъэдэт Іэнатіэм егугъуным хуеунэтІ икІи ахэр уз пщІыгъуу ящкІэ ушэ.

Уэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хуэІэзэ ухъуащ икІи а Іэзагъэр Іэщіагъэлілхэр щыбгъэхьэзырКІэ тэмэму къыбогъэсэбэп, ахэр егугъуныгъэм, цІыхугъэм, хэкур фІыуэ лъагъуным хубоунэтІ.

Уэ уи гъащІэр цІыхубзм, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм ятелэжьэныкІэ щапхъэщ. Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакІуэу, кафедрэм и унафэщІу упажьэурэ, уэ куэд хэпщІыхьащ щІэныгъэ нэхъыщхьэм хуеГъэджэныкІэ Іэнатіэм зегъэужьыным.

Лэжьыгъэм уэзрыхуэрыщым, цІыхум яхуэфащэ гулъытэ зэрахуэпщым къыхэкІыу уэ студентхэм, щІэныгъэм и Іэнатіэм пэрыт интеллегенцэм, цІыхубзм я щытхъу къэблэжьащ.

Дынохъуэхъу узынщагъэ, творческэ ехъулІэныгъэхэр уиІэну, щІэныгъэм и Іэнатіэмрэ жылагъуэ лэжьыгъэмрэ уи эзфІэкІ иджыри куэдрэ къыщыбгъэлъэгъуэну.

КЪР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэмрэ абы и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ.

Къэралыр зытелажьэр абы исхэм я сэбэн зыхэлъхэрщ

2017 гъэм зэфIагъэкIахэм я Iуэхукlэ Цыхум и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ищIа доклад

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 2-нэ нап.).

2017 гъэм къагъэхьа тхьэусыхафхэр зытеухуамрэ абыхэм я бжыгъэмрэ

Цыхуум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэмрэ абы и аппаратымрэ цыхуэхм я тхьэусыхафэу блэкIа илъэсым 986-рэ къаIэрыхьаш, абыхэм ящыщу 336-р гу зылъытапхъэу къалъытэри хэплъащ. А псоми ящыщу 190-р тхыгъэщ (2016 гъэм ахэр 339-рэ хъуу щытащ), тхыгъэхэм ящыщу 9-м (15-м) цыхуу гупхэм Iэ щIадзащ, 5-р (4-р) электрон пощткIэ къагъэхьащ, 146-р (202-р) ди лэжьакIуэхэм къащыхуэзам къаIэтащ.

Къалэ округэм, муниципальнэ район кэуд-дым къикI тхьэусыхафхэр проценти 10-м щегъэжауэ процент 20-м нэсыху хъэ мащIэ хъуащ. Псом хуэмыдэу гу льытапхъэщ тутнакъщхъэм щыIэ щытыкIэм теухуа тхьэусыхафхэм проценти 130-кIэ, хабзэншагъэхэр зэхэгъэкIыныжкIэ органхэмрэ следствиемрэ ятеухуа тхьэусыхафхэм я бжыгъэр процент 80-кIэ, лэжьаIэ Iэнатlэхэм хабзэр кьиззэрыщIэзэпаудым, мылъкум пыщIа зэныкъэкъуэхэм ятеухуа тхьэусыхафхэм процент 50-кIэ, псэупIэ Iуэхухэм ятеухуа тхьэусыхафхэм процент 33-кIэ кIэрыхуащ.

Апхуэдэу щыIэ пэтми, узыншагъэр хъумэным хуэгъэза тхьэусыхафхэр процент 50-кIэ, суд унафэхэр зэрамыгъэзащIэм теухуа тхьэусыхафхэр процент 20-кIэ, социальнэ Iуэхухэм япщIа тхьэусыхафхэр процент 12-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Гу льытапхъэщ, зэрыщыту тхьэусыхафхэр нэхъ мащIэ зэрыхъум кьидэкIуэу, муниципальнэ щыналъэ щхьэхуэхэм, къапщтэмэ, Тэрч, Щэрэдж, Дзэлыкъэ районхэм къиI тхьэусыхафхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуар.

Тхьэусыхафхэм ящыщ куэд (602-рэ) телефонкIэ къатащ, Уполномоченнэм дзыхь зригъэза и лIыкIуэу муниципальнэ районхэмрэ къалэ округэмрэ щыIэхэм къыхуагъэхьащ, зэхуэс зэмылIужьыгъуэхэм къыщалэтащ икIи апхуэдэ тхьэусыхафхэр хэхуэу ямытхыу хэплъащ. А тхьэусыхафхэм ябгъэ иткIэ сэтей къащIа Iуэхухэр кьекIуэкI мыдрей лэжьыгъэхэм ящыIэмкIэ зэрыжаIэр. Тхьэусыхафхэм ящыщу щыр цIыху пыухыкIахэм ятемыухуауэ, гуп куэдым я Iуэхухэр кьиззащIабыдэу щытащ. Абыхэм мыхьэнэшхъэ зэрэIэм икIи жылагъуэм я утыку Iуэхуу зэрыщытым кьихэкIыу, щыхэплъащ гъэззащIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щыналъэ органхэм, республикэм и къэрал властым и органхэм, щыIэпI унафэр зезыгъакIуэ органхэм я лIыкIуэхэр, Iэнатlэ зэмылIужьыгъуэхэм я Iэщlагъэлlэкр, жылагъуэ лIыкIуэхэр хэту Уполномоченнэм кьиззэрегъэпэща комиссэхэм я зэIущIэхэм.

БлэкIа илъэсым аппаратым письмо 416-рэ (2016 гъэм 466-рэ) къаIэрыхьащ, езым игъэхьэзырурэ корреспонденцэ 458-рэ (433-рэ) иутIыпщащ.

Хуабжьу гугъу ёохь гу цІыкІуэкІэ къэзыкІыхь ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу фэтэр куэд хъу унэхэм щыпсэухэр. Абыхэм гу цІыкІуэкІэ кьыщагъэсэбэпырфыр езыхэр зыщІэс пэщхэм я закъуэщ, сыту жыпІэмэ, унэхэм я нэхъыбэм, псом ятеупу нэхъ пасэу ящІауэ щытахэм, зыхуейну Іэмалхэр, лифтхэр зэхэтыным. Трогуарэр, льэс зекІуапІэхэр, зэпрыкІыпІэхэр гуэдащкъым гу цІыкІуи их ныкъуэдыкъуэр абыхэм зэрыщІэзекІуэнум.

Гугъуехь куэд кьажьхоуэ зи нэм тэмэму имыльагъу ныкъуэдыкъуэхэм. Абыхэм я псэукІэр ящыгъэпсыщІэным хуэунэтІа программэ щхьэхуэ зэхалъхьамэ нэхъыфІт. Нэфхэмрэ набгъэхэмрэ зыныкъуэщ псэлъэным тещІыхьа программэхэр зыхэт ноутбукэм, лъэм хэт сайшагъуэр зыхуэдизыр кьыздэрапщ Іэмэпсымэхэм (глюкометрхэм). Абыхэм папщІэ вокзалхэм я перронхэмрэ станцхэм я платформэхэмрэ, жылагъуэ транспортым и кьэувыІэпІэхэм кьыщызэгъэпщІахъщ ныкъуэдыкъуэхэр щымыуэу зекІуэмыкІэ зыхуей Іэмэпсымэхэр, транспорт зекІуапІэм езышалІэ убыдыпІэкэр, нэгъуэщІхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныр социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущ Іапіэ и министерствэм, къэрал властым и адрей органхэм ящыгъуэу Уполномоченнэр зэпымыуэу кІэлъоплъ зи ныбжьыр хэкІуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я хуитныгъэхэр фІэкІыпІэ имыІэу кьызэгъэпэщыным пыщІа Іуэхухэр зэрагъэзащІэм.

Абы папщІэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу:

зи ныбжьыр зэкІуэтахэмрэ зи іэпкІэльэпкъыр тэмэму кьызыдэмыбз ныкъуэдыкъуэхэмрэ ират социальнэ дэІэпыкъуныгъэм и фІагъым зэрыкІэльыплъыр гъэткІиинныр;

ныкъуэдыкъуэхэм лэжьэн и лъэныкъуэкІэ яІэ хуитныгъэхэр дэгъэкІынымкІэ хущІэкъуныр;

ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхур дэгъэкІынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ

Къэралыр зытелажьэр абы исхэм я сэбэп зыхэлъхэрщ

2017 гъэм зэфІагъэкІахэм я Іуэхукіэ Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм ищІа доклад

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 2 - 4-нэ нап.).

Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьакІуэхэр хэтащ «Сабийхэр щхьэпрыІыпщу щымытымырэ ныбжьыщІэхэм, щІалэгъуалэм мыхъумыщІагъэ ямыІэжьымрэ я Іьэныкьуэкіэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я іэ уваПІэмрэ абы-хэм я мыхьэнэмрэ» Іуэхум теухуа зэхьыхьэшхэм, цыхум и хуитыныгъэхэм кІащхьэщыхь организацэу республикэм щыІэхэм кьыззэрагъэпэща нэгъуэщІ зэІыщІэхэм. 2017 гъэм Уполномоченнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрымрэ зэщІыгъуу республикэм кьыщідзкІ газетхэм кьытрагъэдзащ Хабзэмкіэ дерс зэгуэтыр егъэкІуэкІыным елэжьхэм папщІэ тхьигъэ икІи сэбэп хъуащ зи гугъу тщІы дерсыр республикэм и еджапІэ псоми зэгъэуІуаУ кьыщыдзэпэщыныжмкІэ. Хабзэмкіэ дерс зэгуэтым хиубыдэу Уполномоченнэр школитІым кьыщыпсэльащ.

Урысей Федерацэм гъэсэныгъэм зыщегъэжьыныжмкІэ 2025 гъэм нэсыкъу тещІыхьауэ щІэзэхалъхьа Стратегием, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2015 гъэм накъыгъэм и 29-м кьыдигъэкІа унафэ №996-р-мкІэ кьищтам, ипкъ иткІэ 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэхалъхьащ «Хабзэр щытепщэ республикэ» проектыр. Ар Мэлъэдащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм деж Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ уполномоченнэм, «Урысейм и уэчылхэм я ассоциацэм» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудэм, «Консультант Плюс: КЪЕР» компание» жэуап зэхэгъэщхьэхІа зыхь зэгухьэныгъэм, «Судыщіэхэм я Урысей зэгухьэныгъэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудэм, Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым я дзэпэкьыгъэкІэ.

Мы проектыр зэхилъхьащ КЪР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и чэнджэщэгу, «Урысейм и уэчылхэм я ассоциацэ» жэуаплІныгъэ зэхэгъэщхьэхІа зыхь зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм хэт Шыпш А. М.

Мы проектым хиубыдэу хабзэмкІэ щІэныгъэлІхэр, цІыхухэм я щхьэхуитыныгъэхэм и кьыщхьэщыжакІуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и юрист пашэхэр Урысейм и законодательствэм и уэнтІныгъэ нэхъыщхьэхэм (конституц, граждан, унагъуэ, лэжьыгъэ, административэ, адрей законодательствэхэм) ятеухуа лекцэхэм пщІэнэу я ІэдакІэ. Апхуэдэу проектым хиубыдэу цІыхухэм я пащхьэ кьыщыпсэльащ «Урысейм и уэчылхэм я ассоциацэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ Целоусовэ А.А. Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр, республикэм и щІэныгъэлІ, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэхэу Багъэтыр А. З., Іэущхьун З. М., Гьэкіэпщокьуэ М. Хь., Хьащіэрыл М. Ж., Мысрокьуэ З. Хь., Пщыншэ Къ. Хь. сымэ.

2017 гъэм мазаем и 16-м «Цыхум и гъащІэм и купщІэр Іэхэурщ» лекцэм кьеджащ «Консультант Плюс: КЪР» компанием и генеральнэ директор Нэгъуей М. С., 2017 гъэм гъатхэпэм и 16-м Кавказ Ищхьэрэм Пэуджэжьмкіэ и къэрал институтым и студентхэм ящыщу «Хабзэр щытепщэ республикэ» проектым хэтхэм я пащхьэ «Хабзэр: абы кьикІыр, и теплъэ нэхъыщхьэхэр, и хэкІыпІэхэр» Іуэхум теухуа лекцэм кьыщеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и чэнджэщэгу Цыпшэ А. М. Мы проектым хиубыдэу 2016 гъэм и дыгъэгъазэм щегъэжьауэ 2017 гъэм и дыгъэгъазэм нэсыкъу ирагъэкІуэкІа лекцэхэм кьрихьэлІахэр цыхьу 1500-м щІегъу. Апхуэдэу ду дэ ди мурадщ правовой Іуэхухэм ятеухуа лекцэхэр 2018 - 2019 гъэхэм кьриубыдэу муниципалнэ щІыналъэ псоми щыІэ курыт еджапІэхэм щІэсхэм я пащхьэ кьыщеджэджэну.

Иджыпсту дэ ди кьарур худоунэт шыкІакІуэхэм законым пщІэ хуащІу кьэдгъэтэджьным, абыхэм я правовой зэхэщІыкІыр кьэтІэтыным, балигъ мыхъуахэм хабзэр кьыщызэпаудэ кьэмыгъэсыным, абыхэм я плъапІэр законхэр гъэзэщІэным хуэунэтІыным, хэхакІуэ ныбжьыщІэхэр кэнынгъэ зэмыпІэжьыжьыгъэхэм нэхъ егупсысауэ зэрыхэтым.

Цыхуэхэм я политикэ хуитыныгъэхэр, политикэ гъащІэм хэтынымкІэ, къэрал Іуэхухэр зехьэныжьІ, Іэ яІэтыныжьмкІэ икІи езыхэм зыхрагъэхьынмкІэ цыхуэхэм яІэ хуитыныгъэхэр кьызэгъэпэщынмэ Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр кьалъытэри, Уполномоченнэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэмрэ Іэ щІадзаи Урысей Федерацэм и Президентыр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр, властым и лЫкІуэ Іэнатіэхэм я щІыналъэ органхэм я депутатхэр зэхьыныр зыщыхуэгъэхьэзыр икІи апхуэдэ зэхьыныгъэхэр щрагъэкІуэкІ зэманым зэпызэдзэжьынэу щыкІэм теухуа зэгурыІуэныгъэм.

Дэ зэфІэкІ пыухыкІа диІэщ зэхьыныгъэмкІэ законодательствэр хэІущІыІу щыным, хэхакІуэхэм я хуитыныгъэхэр кьызэрызэрагъэпэщым кІэлъплъыным хуэгъэзэу. Апхуэдэ зэфІэкІыр дэ жьыджэру кьыдогъэсэбэп, псом хуэмыдэу хэхакІуэхэм Іэ щалэт махуэ щхьэхуэхэм кьриубыдэу.

Хэхьныгъэр кьызэгъэпэщыныкІэ егъэкІуэкІыныкІэ хэт псомкІэ я зэфІэкІыр хуэунэтІыпхьащ «Дэ Іэ тІэтми дымыІэтми, абы зыри елытакъым» жыхуаІэу цІыхухэр зэсэжам кьызэрикІынум. Щыщіалэ дыдэм щегъэжьауэ дэтхэнэ зыри хуэгъэсэн уэрыдж абы ешІэм и бгъэдыхьэкІэм къэрал унафэр зэрызекІуэнр, и унагъуэм, и іьэныкьэм я зэкьуІэнгъэ зи Іэмыщіэ ихуэнгъэ ешІэм зэрелытам. Абы папщІэ хэпхалым щызэтегъэуцуэн хуейщ цІыхухэм правовой щІэныгъэ зэрызэгъэпэщыжьыгъэ системэ.

Абы и Іьэныкьуэкіэ лэжьакІэ пыухыкІа Къэбэрдей-Балъкъэрми щызэтеуващ. Щыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм, ящыныкьуэ курыт еджапІэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ специальнэ курыт еджапІэхэмрэ правовой хьыбархэр кьыщыгъэлъэгъуэ стендхэр кьыщызэрагъэпэщащ. Абыхэм щрагъэкІуэкІащ къэрал хабзэмкІэ Іэущагъэлъэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм хэтхэмрэ абы и аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ я лекцэхэр.

Цыхуэхэм правовой щІэныгъэ ирагъэгъуэтыным пыщІа Іуэхухэр дзгъэкІныжмкІэ унэтІныгъэ щхьэхуэхэм ящыщу цІыхухэм кьатхэхэр зэпкърыхыныр. Дэ зыкьытхуэзыгъэзэхэм куэд яхэтщ езэхэм кьаІэт Іуэхухэмрэ зыІуэу гугъуехьхэмрэ Уполномоченнэм и компетенцэм зэрыхэмыхьэр, ахэр Уполномоченнэм и дежь нэмыс щІыкІэ властым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъэхэм, судым зэхагъэкІын зэрыхуейр кьагурымыІуэу. Я нэхъыбэм деж дэ апхуэдэхэм ягурыдгъэІуэн хуей мэхъу кьаІэта Іуэхум езыгъэ я хуитыныгъэмкІэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьызэпаудрэ кьызэпамыудрэ, абы хэпІэнэу икІи унафэ тращІыхьыну зи кьаІэн органыр, организацэр, кьулыкъущІэр хэтми.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Урысейм щыІэ Іыхьэщ икІи ди дежи щыІэщ цІыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьызэпэщынымкІэ зэрыщыту къэралым уэшІрихьэлІэ гугъуехьхэр. ЗэрыгурыІуэгъэщІэн, властым и къэрал органхэм, граждан ІуэхущапІэхэм, Уполномоченнэм и аппаратым я кьаІэнщ цІыхухэм хабзэр кьагурыІуэу, законэр ягъэзащІэу щытыныжмкІэ икІи ар езыхэм кьулыкъущІэ кьабгъэдэхэу зэрыщытыр ящІэжу мы лэжьыгъэм бгъдэхьэ.

Езыхэм я анэдэлъхубзэхэр яджыныжмкІэ цІыхухэм яІэ хуитыныгъэр КЪР-м кьызэрыщызэрагъэпэщыр

Иужь зэманым республикэм и печатым, Интернетым кьыщІэтэу хуежьащ анэдэлъхубзэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэм, ар яджьныжмкІэ, кьагъэсэбэпыныжмкІэ зыхуеину Іэмалхэр зэтегъэувэным пыщІа Іуэхухэр.

Щэнхабзэм, щІэныгъэм я лэжьакІуэ, филолог, республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэ гупым Интернетым иралъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Зэрызыхуагъаз тхыгъэ зэІухар икІи абы кьыщыгъэлъэгъуащ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ школхэм щегъэжьыным и пІэныкьуэкІэ иужьрей зэманым зэтеувэ щытыкІэм зэрытегъэзэвыхьыр. Кьапщтэмэ, а тхыгъэм зэритымкІэ, Налшык кьалэн дзт «Гимназие №14» муниципальнэ кІэзэнэ Іуэхущапіэм и администрацэм и текІуэзэныгъэкІэ 10 - 11-нэ классхэм щІэсхэм анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ яджыну зэрыхуэмейм кІэ мыхьэнэм хуэгъэзауэ «Нюр» журналым щрагъэкІуэкІа псалъэмакъым кьыщыхагъэщащ: «...Анэдэлъхубзэм уэрамми унагъуэми пщІэшхуэ щиІэхьым. Сабийхэр абы ирипсэлъфыркьым» (*Ольмезов Мурадин*) «Бзэр ди дэлэпкъыныгъэм хуэныкьуэщ... сабийхэр анэдэлъхубзэр зэрызрагъэщІэным хуэущийн, ар фІыуэ ялъагъуэ кьагъэтэджьын хуейщ» (*Гуртуев Сэлих*). Бзэрэжьей кьэс дэ цІыхухэм даІуэщІэри, гу лЫдмытэу кьанэркьым адыгэ, балъкъэр щІалэхэр я анэдэлъхубзэмкІэ псэльэн зэрыкьІытэм.

«Бзэм и пІэныкьуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэтеувэ щытыкІэр» кьэхутэныгъэр зыгъэхьэзыра щІэныгъэлІхэу Багъэтыр А. З., Улаков М. З., Хьэмдзыкъу Ж. М. сымэ кьызэралъытэмкІэ, «щІэныгъэм и иджырей екъулІэныгъэхэм зэрызхъуэм, дуней-псо зэхъуэныныгъэхэм зэрызаубгъуэм, цІыхухэр зэпызыщІэ техникэ ІэмалыщІэхэр кьызэрежьам кьыхэкІыу анэдэлъхубзэм я мыхьэнэм кІэрагъэкІуэ».

Иужьрей зэманым ди нэгу щІокІ цІыхубз хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэр дакъуэзу зэрыкуежьар икІи абы иджыпсту кьеІэт цІыхухэм я деж анэдэлъхубзэхэм щаІэ мыхьэнэр. Зыгуэркъм я унафэм инкІэ иткІэ республикэ газетхэр тхъмахуэм щи ф1экІа кьыдагъэкІыжырабым, «Эльбрус» тхъпІэ тедзапІэм и продукциэ ебы тхьпІэ тедзапІэм и унафэщІ кьыдогъуейуэ тригуашэу аращ, ауэ и пэжыпІэ дыдэр кьэбгъэлъагъэмэ, зэрыщыту тхьпІым и тиражыр авторым кьищэжьын хуей мэхъу. Печатымрэ газетхэмрэ я Іуэхур кьэгъэщІэрэщІэжьын, зэхъуэжьын хуейуэ кьрагъэжьа псалъэмакъэхэр ф1ощІыщІэуейщ икІи ахэр кьаІэщтэ мыхъумыщІ.

Абы илъэ иткІэ кьэгъэлъэгъуапхъэщ: Урысейм и къэралыгъуэмрэ федерацэм и субъектхэмрэ зезгъэужьныжмкІэ тхыдэм щІэныгъэм и Іуэхум мыхьэнэхэуэ щиІащ икІи ар властым и органхэмрэ къэралым и унафащІэхэмрэ ирагъэкІуэкІ къэрал кІуэцІ политикэ, социально-экономикэ Іэмалыгъэм и кьыгурыкІуэ зиныІэ и Іьэныкьуэ. Абы тещІыхьауэ я къэгъэлъэгъуапхъэщ республикэм иц дэтхэнэ зы этносри хьумэным, абы и щэнхабзэр, хабзэмрэ бзэмрэ кьызэтегъэнэным Іьэпкъ куэд зэрыс Урысей Федерацэм мыхьэнэ хэха зэрыщІэр.

Іьэпкъ республикэхэм анэдэлъхубзэхэм зэрыщелэжьыныр ахэр кьызэрыщІэхэсабепсолъхьу, абы хабзэмкІэ, абы набдзэгубдзапІэу кІэлъыплъу екІуэкІащ. Анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ республикэм и школхэм щегъэжьаныным хэпІэ ныкьуэныгъэхэм я гугъу щищІым, 1968 гъэм КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и яп1э секретарь Тамэ Кьабдыхьэ Т. Къу. тегъэзэвыхьу кьыхигъэщащэу щытащ анэдэлъхубзэхэр школым щегъэджьным гупыкІэхэмкІэ зэрыкуамышІыр, ахэр кьаІэрыфІэмыІуэхэр. Кьапщтэмэ, абы кьыхигъэщхьэкІыкІауэ щытащ: «Дэ езыхэм ди бзэм, ди Іьэпкъым пщІэ хуэдмыщІмэ, а лъэпкъыр лъэпкъ зыщІыр и бзэрщ, и псалъэрщ, адэкІэ сыт лъэпкъ гуэрщ, Іьэпкъ щэнхабзэ жьыгІэу дызытепсэлъхьыныр...» АдэкІэ абы ткІийуэ и іэкъэуэнщащ апхуэдэ емыгугъуныгъэм и щхьэусыгъуэу «адэ-анэхэр зэрыхуэмейр» кьэзыхьхэр. Мыбдеж хуабжьу игъэущ Урысей Федерацэм и Президентым мы и псалъэхэр: «Дэтхэнэ зы Іьэпкъым и дежкІи анэдэлъхубзэр хьумэныр пыщІащ езым и кьыхэщхьэхуКІныгъэхэр, и хабзэкІэ хьумэныр. Абы кьыхэкІыу Урысейм ис Іьэпкъхэм я бзэкІэ джьныжмкІэ икІи ахэр хьумэныжмкІэ лэжьыгъэхэм, шэч Іьэпкъ хэмылъу, адэкІи пытщэн хуейщ. «Урысей Федерацэм зэрыщрагъаджэм и Іуэхукіэ» 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кьащта Федераль закон №273-ФЗ-м и 14-нэ статьям, «Егъэджэныгъэм и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон №23-РЗ-м и 4-нэ статьям кьыщыгъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм и къэралыбзэу щыт урысыбзэр егъэджьным зыкІи зэран хуэмыхьуу Урысей Федерацэм и республикэхэм я къэралыбзэхэри егъэджьныр кьызэрызэгъэпэщыжьр. Апхуэдэу закономкІэ щІэныгъэм и пэщІэдзэ щІэныгъэмрэ курыт щІэныгъэмрэ анэдэлъхубзэкІэ зрагъэгъуэтыныжмкІэ хуитыныгъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ къэралыбзэр, муниципальнэ курыт еджапІэхэм я лэжьыгъэм и щэсыпІэщ адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэрэ садхэм, пэщІэдзэ классхэм щегъэджьныр, анэдэлъхубзэмкІэ курыт еджапІэм кьриубыдэу щІэныгъэ егъэгъуэтынр. Апхуэдэ хуитыныгъэхэр кьызэрагъэпэщ еджапІэу, классу, гупу зыхуеинум хуэдиз бжьыгъэ, апхуэдэу ахэр лэжьэныжмкІэ Іэмалхэр зэтрагъэувэурэ.

Зи гугъу тщІы Іуэхумрэ ар кьызэрыкІыу зэрыщытымрэ кьалытэри, Уполномоченнэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ уполномоченнэмрэ зэщІыгъуу кьызэрагъэпэщащ пІэнкъэм я бзэхэр зэрырагъэджьыр кьэпщытнэр. Мы Іуэхур икъукІэ егупсысауэ зыбгъэдыхьэпхъэщ икІи абы и Іьэныкьуэкіэ зэпэпытын хуейщ. цІыхубзмэрэ къэралымрэ бзищым я Іьэныкьуэкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм щыгъэува мардэхэм зэрыхуещытыр.

Дэ дыщыІащ Налшык кьалэн дзт «Гимназие №14» муниципальнэ къэрал кІэзэнэ Іуэхущапіэм икІи а школым и унафэщІэкэмрэ къэралыбзэу щыт ди анэдэлъхубзэхэр зэрыгъэжьэхэмрэ даІуащІ. Нэрыльагъу къэхъуащ гимназием и 10-нэ, 11-нэ классхэм щІэсхэм езыхэм я фІэфІныгъэкІэ анэдэлъхубзэр яджьныжмкІэ яІэ хуитыныгъэхэр кьызэрызэпэлъадж, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ, балъкъэрыбзэмрэ балъкъэр литературэмрэ яджьну я зэрыхуэмейм теухуауэ администрацэм игъэхьэзыра тхыгъэхэм я адэ-анэхэр щымыгъуазэу еджакІуэхэм Іэ зэрыщІагъэдзар. АнэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэхэм я улахуэхэм кІэрымыхун папщІэ администрацэм абыхэм яхуигъэльэгъуащ нэгъуэщІ предметкІэ ирагъэджэну, ауэ анэдэлъхубзэм зегъэужьныжмрэ ар щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапіэхэм щегъэджьныжмкІэ хабзэм кьемызэгъуныр кьалъытэри, мыдрейхэм ар ядакъым.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ анэдэлъхубзэхэр егъэджьныжмкІэ положенэр 2017 гъэм мы гимназием зэриІар. Абы кьыщыгъэуват адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ сабий садми, пэщІэдзэ классхэми, класс нэхъыжьхэми, нэгъуэщІу жьыпІэмэ, 10-нэ, 11-нэ классхэм Іэмал имыІэу щыІэр. Ауэ ар ящІэ, щэджагуакІуэм хуэ кьэс анэдэлъхубзэм хухах урокитІыр зэгуэгъхьэжьри, еханэ, ебланэ урокыу зы махуэм ирагъэувэжат. Ауэ апхуэдэ егъэджэкІэр кьеззэгъыртэкъым, сыту жьыпІэмэ, щэджагуакІуэм хиубыдэжм нэхъ пасэу еджэн щІадзэри, урокэр яхунэгъэсыртэкъым. НэгъэщІу жьыпІэмэ, я къралыбзэу щыт анэдэлъхубзэкІэмрэ литературэмрэ зэрырагъэдж зэманыр я ягъэкІащІат, абы папщІэ зыхуеину Іэмалхэри кьызэрагъэпэщатэкъым. Мис апхуэдэ бгъэдыхьэкІэм сабийхэм я жэрдэмыр иреудых, абыхэм щІэныгъэ тэмэм ямыгъэуту кьоно. Апхуэдэ Іуэху кьагъэхъуну хуиткъым, сыту жьыпІэмэ сабийхэм я хуитыныгъэхэр кьызэпаудэ икІи ежьажьагъэм и Іьэныкьуэ я къралым иригъэкІуэкІ политикэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм езэгъэрыкІын.

АтІэми, прокурорым кьихилъхьащ Іьэпкъхэм я бзэхэр Іэмал имыІэу курыт щІэныгъэм кьэриубыдэу (10-нэ, 11-нэ классхэм) ирагъэджьну кьызэрагъэувэр законодательствэм щыкьыкІуэ Іуэхухэм я юридическэ кьызэрилъытэр. Абы ипкъ иткІэ положенэм ираткъжащ класс нэхъыжьхэм щІэсхэм анэдэлъхубзэр езыхэм я фІэфІныгъэкІэ зэрырагъэджьр. Ауэ абы кьикІыр щІэсхэм Іьэпкъхэм я бзэхэр зэрырагъэджьр илъэсым и кум яхуэхьжьн хуейуэ, 10 - 11-нэ классхэм щІэсхэм я щІэныгъэри тестхэм ящкъ иткІэ икІэщІыпІэкІэ щІэпщытыжьІпхъэщ. ЕджапІэм и администрацэм апхуэдэ зэхъуэжьныгъэхэр иригъэкІуэкІащ адэ-анэхэм емыуэнджэщу.

Федеральнэ щІыналъэ законэм кьыщыгъэльэгъуахэр зэпкърихыщ, еджапІэм щІэзэтеува щытыкІэм хэпІэхэри, комиссэм кьилъытащ бзэм и Іьэныкьуэкіэ законодательствэр «Гимназие №14» муниципальнэ кІэзэнэ Іуэхущапіэм имыгъэзащІэу. Абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ еджапІэм и administрацэмрэ я пащхьэ ирилъхьащ мы кьыкІэлъыкІуэ Іуэхухэр:

«Гимназие №14» муниципальнэ кІэзэнэ Іуэхущапіэм 10 - 11-нэ классхэм щІэсхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ, Іьэпкъыбзэмкіэ егъэджакІуэхэр хэту хэпІэу адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкІэ гупхэр иубзыхуну;

мы Іуэхум социальнэ мыхьэнэ хэха зэриІэр икІи ар республикэ псом зэрыщыІуэр кьилъытэу, дапэкІэ апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр кьэмыхъун папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ еджапІэм и administрацэмрэ я пащхьэ ирилъхьащ мы кьыкІэлъыкІуэ Іуэхухэр:

«Гимназие №14» муниципальнэ кІэзэнэ Іуэхущапіэм 10 - 11-нэ классхэм щІэсхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ, Іьэпкъыбзэмкіэ егъэджакІуэхэр зэту кьэплъэу адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкІэ гупхэр иубзыхуну;

мы Іуэхум социальнэ мыхьэнэ хэха зэриІэр икІи ар республикэ псом зэрыщыІуэр кьилъытэу, дапэкІэ апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр кьэмыхъун

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Псори я пІэ йоувэж

Президент хэхыныгъэхэм кърикІуахэр иужь дыдэу щагъэтэмэмар гъатхэпэм и 29-рщ, арщхьэкІэ гъатхэпэм и 18-м и пщыхьэщхьэм гурыІуэгъуэ хъуакІэт къэралым и иджырей Іэтащхьэ Путин Владимир и телъхьэу цІыху мелуан 56,4-м Іэ зэраІэтар. Апхуэдэ пщІэ нэхъапэм зэи лъысакъым Урысейм и Президентым и кандидату къагъэлъэгъуахэм ящыщу зыми.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэуахэм псом хуэмыдэу ди гуапэ хъуар хэхыныгъэхэм хэтахэр зыкъэдизымрэ Путин Владимир и телъхьэу Іэ зыІэтахэмрэ я бжыгъэр зэрыхъумкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ уэрыпІэр зэриубыдарц. Ди лъахэр, уеблэмэ, ямпэ ищащ нэхъапэхэм зыри зыльэщІэмыхьэу щыта Шэшэнми, Дагъыстэнми.

Екіуэкіа хэхыныгъэхэм куэд тражьыныхьащ, иджыри тражьыныхьынущ. Арщхьэкіэ Урысейм и дежкІэ нэхъыщхьэр Путин Владимир сыт хуэдэ Іэмалкіи Іуагъэкіуэтыным хущІэкъуа ди «минкъэгъэу къэралхэм» я мурадхэр къаззеремыхьулІарщ.

Путин Владимир пІалъэщІэкІэ Президент къулыкъым щыпэрыхьэнур нахъыбгъэм и 7-рщ - инаугурацэм иужькІэщ. Арщхьэкіэ абы занщІэу жиІакІэщ экономикэр псынщІэу къэІэтыным, узынщагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, промышленностым я Іэнатіэхэм, мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэми къарур нэхъыбэу ирихьэлІэну зэриму радыр. Апхуэдэу кІыхьитхъухькІэщ Правительствэм хэтхэм я деж зэхъуэкІыныгъэхэр кІыззэрыщыхъунур. Дыпэплъэнщ къэкІуэнум.

● Насыпыншагъэ

Ар зэи гум ихужынукъым

ЖаІэ зэманым псори игъэхъужу, арщхьэкІэ иджыблагъэ Кемеровэ къыщыхъуар куэдрэ гум къепІэстхъынущ. Къатахэм ятепщІыхьмэ, а гуэзвэгъуэзэшхуэм цІыху 64-рэ зэкІуэдащ, абыхъэм нэхъ-рэ нэхъыбэж сымаджэщ-хэм щІэлъщ. Сыт щыгъуи хуэдэу, ди къэралым къэхъунур къэхъуа иужькІэ щыщІэупщІэ хабзэщ: сыт ар къызыхэкІар? Япэрей насыпыншагъэхэм сыт дерс къыщыхьамы-хар?

КЕМЕРОВЭ фІамыщІым и лъахэ Кузбассым и щыхьэрщ. Мыбы гуаэ хэуэ и нэгу щІэкІащ. Абы и щхьэусыгъуэри гурыІуэгъуэщ: махуэ къэс щІы щІагъым йох цІыхухъуищэхэр.

Арщхьэкіэ «Зимняя вишня»-м къыщыхъуа гуэзвэгъуэр къызыхэкІар нэгъуэщІщ. Тхьэмахуэ пщыхьэщхьэти, цІыхухэр къэкІуат загъэпсэхуну, я нэгу зрагъэужьыну. Сабийхэр куэду къызэдашат. Иужькіэ къэхуа мафІэсым теухуа къыбархэр къызэрыІуу, къэрал псор къэгуэжьеящ. Хэкіуэдахэмрэ хъибарышэу кІуэдахэмрэ ящыщ куэдыр сабийт. Дауи, балигъхэри зэрыхэкІуадэм теухуа хъыбархэри гущІыхьэщ. Арщхьэкіэ ильэси 4 - 10-хэм ит сабийхэр пфІэкІуэдыныр пхуэмыгъэзыж хуэдизщ.

Блыщхьэ пщэдджыжьым цІыхухэр щІэзэхуэсащ штабым. Абыхэм я нэхъыбэр ямыгъэутыж сабийхэм я адэ-анэхэрт. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, хъийм икІахэт: «Сыт и пэжыпІэкІэ абы къыщыхъуар?! Сыт си сабийр си дежи къэпсалъэу щІэкІияр: «Сэ уэ фІыуэ узолъагъу! Сэ иджыпсту сылІэнущ!» Абы щыгъуэми, фэ зыри къыддэфІэркъым», - зыхуигъэзащ зы цІыхубзым къулыкъущІэшхуэхэм ящыщ зым. Жэуапу къуритыжащ: «ХэкІуэдахэм я унагъуэ псоми сом мелуан зырыз иратынущ». Арщхьэкіэ хэтыт апхуэдэ мелуанхэм хуейр?

Насыпыншагъэр къызыхэкІа щхьэусыгъуэхэр мы зэманым зэхагъэкІ. Арщхьэкіэ абыхэм ящыщ нэхъыщхьэр иджыпстуи гурыІуэгъуэщ - ар гуздахъэншагъэрщ, ахъшэ къалэжьын папщІэ сыт хуэдэ хабзэри къызэрызэпаудырщ. МафІэсгъэункІыфІхэм зыжьэу жаІащ: «МафІэсым укъыхэзыш къехьпІэхэр зэхуэщІащ, еппланэ къатыр гъэбыдащ, ещанэ къатым щыщ Іыхьэр иджыри лыгъэм хэтщ. Мыбы псэу щыІэжкъым...» Апхуэдэ дыдэу яхурикуакъым хэкІуэдахэр щыпІэм зэрыІуашыну автомобилхэр. Арщхьэкіэ мыбдеж уэзгуэзыгъэп упщІэ къыщыкъуокІ: щхьэ ипэкІэ къампщытарэ цІыху минкъэр зэкІуалІэ мы Іуэхущапіэр? Щхьэ хуит ящІа нэгуэныжь щІыпІэмрэ сату Іуэхущапіэмрэ зэгуагъэхьэну?

Хэбгъэзыхьмэ, щІыбым къыщІэзышын хуея пкІэлъейхэм ящыщ зым къат куэду зэтет унэм... и щхьэм удришейрт.

Иджы хабзэхъумэхэр хущІокъу мафІэсыр къызыхэкІа щхьэусыгъуэхэр зэхагъэкІыну. Языныкъуэхэм хуагъэфащэ электроларур зэрыкІуэ кІапсэм мафІэ къыщІэнауэ, адрейхэм къалъытэ сабий гурыІуэгъэ зэхьокІэм щыщІагъэна кІэртІоф уэздыгъэхэм мафІэсыр къашауэ. Уеблэмэ зэрыхьыбар балигъ мыхьуаитІым ялыгъа мафІэдзым псори и зэрану.

Арщхьэкіэ, ипэкІэ зэрыщыжьтІащи, псори къызэхэкІар ди къэралым зыми жэуаплыныгъэ нэс зэрыщимыхьырщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, сату центрыр мафІэсым щыхъумэныжьмкІэ Іэнатіэр зи нэІэ щІэтар и Іэщ1агъэкІэ... пщафІэт. Абы куэд къыжьеІэ.

● Налогхэр

Хэхыныгъэхэм яужькІэ... жэрдэмыщІэ

Мы зэманым ди къэралым щытопсэлъыхь УФ-м и Правительствэм и жэрдэмыщІэм: подходныэ налогыр иджы зэрыщыт процент 13-м ирагъэкІыу 15-м нэс драгъэкІуеиину я мурадщ. Мы зэманым цІыху мелуанипщІыр «зытес» сом мини 10-12-м фІэкІа къызыІэрымыхьэхэм налогхэр щхьэщахыпэн хуэдэщ.

АБы фІы къишэну? Щхэуу лэжьапщІэхэр щызэрагъэкІуэ Іуэхущапіэхэм цІыху куэдым зрамытыну пІэрэ?

Хэхыныгъэхэм кърикІуахэр зэхалъхьэжа къудейщ, арщхьэкІэ налогым хэгъэхъуэным теухуа гупсысэхэр къежьакІэщ. НэгъэщІу жыпІэмэ, къулейуэ дыпсэуакъым, псэун щІыщІэддзэни щыІэкъым.

Хэт хуэмэрэ налогхэр зэрыдралэтэйм? ЗэрыгурыІуэгъэщи, зы мазэм сом мин 30-40 хъэлэлу къэзыгъэлэжь цІыху къызэрыгъэкІэхэрщ. Мы зэманым абыхэм я улахуэм налогыу хагъэкІыр процент 13-щ, арщхьэкІэ ар процент 15-м нэсынущ. Апхуэдэу щыщытхІэ, цІыху мелуанхэр нэхъ къулейсыз хъунущ. Мыбдежым къэдмыхьынкІэ Іэмал иІэкъым зы къулыкъущІэ гуэрым жиІа телъыджар: «Сыт и мыхьэнэ процент 2-кІэ нэхъыбэми нэхъ мащІэми!» ЦІыхум сом мин 30 и улахуэмэ, абы Іэрыхьэр сом мин 26-рэ 100-рщ. Арщхьэкіэ налогыр процент 15 хъумэ, иратынур сом мин 25-рэ 500-рщ. Сом 600-кІэщ зэрызэщхьэщкІыр. Арщхьэкіэ цІыхухэм я нэхъыбэм я дежкІэ ари ахъшэ мащІэкъым. Сом мин 50 къэзылэжьхэм сом мин яфІэкІэуздынущ.

Иджыблагъэ къабжащ цІыхухэм я улахуэхэм 2017 гъэм проценти 7-кІэ зэІэтауэ. Арщхьэкіэ налогхэм хагъахъуэмэ, а бжыгъэр кІуэдыжынущ. ХьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэр нэхъри щІэуфэ хъунущ. Мыбдеж псом зэпу щыхилъэфэнур къэралрщ. Иджыблагъэ жаІащ хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэр нахуэ ящыну, абыхэм я хэхъуэхэр къагъэнэІуэну зэрамурадыр. АтІэ, Правительствэр апхуэдэу зы Іуэхум зэмыщхьу щхьэ бгъэдыхьэрэ? Зы лъэныкъуэкІэ щэхур нахуэ ищІыну хущІокъуу жеІэ, арщхьэкІэ нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ цІыхухэр ирехуліэ щэхуу улахуэ зратхэм яхьэхьэну. Къулейсызыгъэр игъэкІуэдыжьыну тхьэ еІуэ, арщхьэкІэ ипэжьыпІэкІэ цІыхухэр нэхъри къулейсыз ещІ.

«Пятница» телеканалым и «Орёл и решка» нэтыныр тезых гупыр Іуащхьэмахуэ лъапэ махуищкІэ щыпэжьащ. Программэр езыгъэкІуэкІэр, Урысейм и щыналъэхэм зэрызыщапІъыхьым хьхьэу, къэралым и бгы-лыжэ зыгъэпсэхупІэ нэхъ лъагэ дыдэм щыІащ.

ЗЭРАУБЗЫХУАУЭ, программэм и хабзэм тету, нэтыныр езыгъэкІуэкІэхэм ящыщ зыр долларищэм щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ ирипсэуну къыпэщылъщ, етІуанэм и щхьэм тригъэкІуадэ хъунущ дыщэ картэм ильым щыщу зыхуейм хуэдиз. Дэтхэнэр мелуанырыбжьэм хуэдэу псэунуми, дэтхэнэм и щхьэр хъригъэлыну хэтынуми зэхагъэкІын папщІэ, нэтыныр езыгъэкІуэкІэхэм ахъшэ жьгъей драдзей. Абы кърикІуам елъытащ зэрызагъэпсэхуну щыкІэр.

Накъыгъэм щыІэну зи чэзу нэтыным къыщыфщІэнущ, ар езыгъэкІуэкІэу Иваковэ Мариерэ Анохинэ Айзэрэ я Іуэхуэр зэрыхъуар. Дауэ щымытми, тІуми Іуащхьэмахуэ лъапэ гукъинэжу зыщагъэпсэхуащ.

● Іуащхьэмахуэ щыналъэ

Нэтын цІэрыІуэр щытрах

Нэтыныр Чегет, Азау, Нартсанэ инэхэм, Тырныауз щытрахащ. Абы епІыныхуэм Іэмал яІэнущ къэралым и бгы-лыжэ зыгъэпсэхупІэ нэхъ лъагэ дыдэм и дахагъэр зрагъэлъагэну ик1и аэр хагъэгъуэзэнущ зыгъэпсэхуГъуэ махуээр гурыхьу зэрыбгъэкІуэнум.

ТАРИМ Алисэ.

● Футбол

Республикэм и зи чэзу чемпионатыр зэхаублэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2018 гъэм и чемпионатым щІдзащ. Абы и япэ джэгуГъуэхэм къагъэлъэгъуащ мы гъэми зэхьэзэхуэр гуащІэ зэрыхъунур.

РЕСПУБЛИКЭМ и нэгъабэрей чемпион «Автозапчасть»-м наІуэ ищІащ дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэхэм иджыри зэрыщІэбэнынур. ПэщІэдзэ джэгуГъуэхэр абы нэгъуэщІ стадионхэм щиргъэкІуэкІами, текІуэныгъэхэр зыІэригъэхьащ. Апхуэдэу бахьсэндзэсхэм ялъэщІыкІэ ЩІэджэм кьалэм «Шэрджесыр» щыхагъэщІащ, къыкІэлъыкІуэу ДжылахьстэнеЙм «Тэрч»-м щефІэкІащ.

«Автозапчасть»-м дэщІыгъуу зэхьэзэхуэм бжьыпІэр щиубыдащ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м. А командитІращ пэщІэдзэ джэгуГъуитІми щытекІуэфар.

Нэгъабэрей зэпеуэм дыжьын медалхэр къыщызыхьа «Тэрчым» и футболистхэм мыгъэрейр ехъуІэныгъэкІэ ирагъэжьат, Нартан очкоиц щызыІэрагъэхьэри. Арщхьэкіэ къыкІэлъыкІуэу бахьсэндзэсхэм щызыІэрыхагъэщІам я гукъыдэжьр ириудыхащ.

Мыеійуэ щІдзащ Сэрмакъ и «Союз»-м ни. Нартканэ щытемыкІуэфами, Шэджэм и «Къундетейр» (Псынэдахэ) - «**Налшык**» (Налшык) - **0:2**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Союз**» (Сэрмакъ) - **1:1**, «**Къундетей**» (Шэджэм) – «**Керт**» (Къэхъун) - **2:1**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0:1**, «**ХьэтІохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - «**Малка**» (Малкэ) - **3:1**; *етІуанэ джэгуГъуэ* - «**ЛогоВАЗ**» - «**Налшык**» - **1:0**, «**Малка**» - «**Родник**» - **3:0**, «**Псыкуэд**» - «**ХьэтІохъущыкъуей**» - **4:2**, «**Тэрч**» - «**Автозапчасть**» - **0:1**, «**Ислъэмей**» - «**Шэрджэс**» - **5:1**, «**Керт**» - «**Нартан**» - **0:1**, «**Союз**» - «**Къундетей**» - **7:2**, «**Бедик**» - «**Нарт**» - **1:2**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэм щызэІущІэнущ «Нарт» - «ЛогоВАЗ», «Автозапчасть» - «Керт», «Тэрч» - «Ислъэмей», «Налшык» - «Малка», «Къундетей» - «Бедик», «Нартан» - «Союз», «ХьэтІохъущыкъуей» - «Шэрджэс», «Родник» - «Псыкуэд» команд эр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2018 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «ЛогоВАЗ»	2	2	0	0	6-3	6
2. «Автозапчасть»	2	2	0	0	4-1	6
3. «Союз»	2	1	1	0	8-3	4
4. «Ислъэмей»	2	1	1	0	8-4	4
5. «Псыкуэд»	2	1	1	0	7-5	4
6. «Нарт»	2	1	1	0	3-2	4
7. «Малка»	2	1	0	1	4-3	3
8. «Налшык»	2	1	0	1	2-1	3
9. «ХьэтІохъущыкъуей»	2	1	0	1	5-5	3
10. «Тэрч»	2	1	0	1	1-1	3
11. «Нартан»	2	1	0	1	1-1	3
12. «Къундетей»	2	1	0	1	4-8	3
13. «Керт»	2	0	0	2	1-3	0
14. «Бедик»	2	0	0	2	4-7	0
15. «Родник»	2	0	0	2	0-5	0
16. «Шэрджэс»	2	0	0	2	2-8	0

● БэнэкІэ хуит

ЩІалэгъуалэм дагъэгуфІэ

Гъатхэпэм и 24-25 махуэхэм Гулькевич къалэм щекІуэкІащ Ипщэ федеральнэ щыналъэм ис щІалэгъуалэм бэнэкІэ хуитымкІэ я зэпеуэ. Абы дыщэ медалиплІэр дыжьынрэ жэзу зырызрэ къыщахьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа-хэм.

КИЛОГРАММ 74-м нэс зи хьэлъагъэхэм я бжэ шэч къызэгутумыхьэн текІуэныгъэр щызыІэригъэхьащ Нарт-къалэ щыщ, бэнэкІэ хуитымкІэ спортым и мастер Шоокъум Ахьмэд. Абы и хьэрхуэрэзгъу псори хигъащІэри, дыщэ медалыр къихьащ.

Нарткъалэдэсым зыкъыкІэрагъэхуакъым Ашэбокъуэ Сулеймэн (килограмм 70-м нэс зи хьэлъагъэм я деж щыбэнащ), Къамбэчокъуэ Азэмэт (кг 65-м нэс), ГъущІо Алим (кг 61-м нэс) сымэ. Абыхэм зыхэта гупым къащыпэлъэщын къыхэхІакъым икІи япэ replace ябудащ. Псом хуэмыдэу хьэлэмэтащ кІэух зэІущІэу адыгэ щІалитІ щызэхуэзар, килограмм 70-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэр. Абы Ашэбокъуэ Сулеймэн щыхигъэщІа Жамбей Алим дыжьын медалыр лъысащ.

Килограмм 86-м нэс зи хьэлъагъэхэм я деж ещанэ replace щиубыдащ Бэлэтокъуэ Асльэнбий.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Іэпщэрызауэ

Шуудзэм и щІыхькІэ

1942 гъэм и гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэ Сталинград и бгъэдыхьэпІэхэр лІыгъэ яхІлъу зыхъумэхэм яхэтащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм и зауэлІэхэр. Ростов областым и щыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыхэкІуэдащ ди шууейхэм я нэхъыбэр икІи 4500-м ящыщу псэууэ къэнжар и Іыхьэ щанэ иримыкъураш. Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщІэ зи псэр зытахэм я фэеплъ зэхьэзэхуэ армэ ІэпщэрызауэмкІэ иджыблагъэ щекІуэкІащ Ерчэн Темболэт и цІэр зэрихьэу Нарткъалэ дэт спорткомплексым.

КЪЭХЪУН къуажэм дэта курыт школьжьым и пщІантІэращ 115-нэ шу дивизэм и 316-нэ полкыр къыщыззрагъэпэщар. Иджы абы и зы лъэныкъуэмкІэ мэжджыт дащыхьащ, адрейм кІэ спорткомплекс щаухуауэ цІыкІуэм армэ Іэпщэрызауэм зыщыхуагъасэ.

Шуудзэм щызэуахэм я къекІуэкІыкІар зэхэсъэкІыным къаруушуэ трегъэкІуадэ егъэджэныгъэ Іэнатіэм илъэс куэд щІауэ пэрыт Гулэжьн Беслъэн. Аращ зи жэрдэмыр гъатхэ кІуам Къэхъун курыт еджапІэ №1-м и пщІантІэм КъБР-м ЩІыуэпсым и хьугуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм къыІиха хуей 115-рэ зэрыщыхасамрэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм хэту Хэку зауэшхуэм зэкІуэдахэм я фэеплъ абдежым къызэрыщызІуахамрэ. Мис иджы, Къэбэрдей-Балъкъэрым Армэ ІэпщэрызауэмкІэ и федерацэр и щІэгъэкъуэну, зэхьэзэхуэ щытащ икІи дэтхэнэ щытекІуэхэмрэ къыщыхэжьаныкІахэмрэ медалхэмрэ щІыхь тхьилъхэмрэ ираташ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Зэхьэзэхуэм щИдзэн ипэкІэ Нарткъалэ и спорткомплексым пэкІу щекІуэкІащ. ЗэІущІэм кърихьэлІахэу Аруан районым и щыпІэ самоуправленэм и советым и унафэщІ **КІущ Валерэ**, абы и къуэдзэ **Къарэцыкіу Мухьэмэд**, щыналъэ администрацэм физкультурэмрэ спортымкІэ и къудамэм и унафэщІ **КІуращим Владимир**, Къэхъун къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Къандэхъу Леонид**, ветеранхэм я щыпІэ советым и тхьэмадзу илъэс куэдкІэ лэжьа **Джэдгъэф Мухьэрбий**, Германием щыІа советыдзэм и гупым къулыкъу щызыщІахэм я республикэ къудамэм и пашэ **Гулэжьн Беслъэн**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Армэ ІэпщэрызауэмкІэ и федерацэм и тхьэмадзэ **Шэрджэс Заурбэч**, хьэщІэ лъапІэхэу 115-нэ шуудзэм и командиру щыта **Скороход Антон и къуэрылъхуэ и къуэ Роман**, Астрахань областым Армэ ІэпщэрызауэмкІэ и федерацэм и унафэщІ **Биймурзаев ТІэхьир** сымэ къыхагъащІащ щІалэгъуалэр узынщэу, хэкупсэу къэгъэтэджэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи абыхэм я насыпым папщІэ зи псэр зытахэр зэи зыщагъэгъупщэ зэрымыхьуныр.

Пщыхьэщхьэ кІасэ хъухукІэ зэпеуэ гуащІэкэр екІуэкІащ. Я ныбжьэр хьэлъагъэрэ елъытауэ спортсменхэр гуп тІощІу гуэщауэ щытащ икІи дэтхэнэ щыткІуэкІуэхэмрэ къыщыхэжьаныкІахэмрэ медалхэмрэ щІыхь тхьилъхэмрэ ираташ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Ставрополь

Бзэха дамыгъэ

Кавказ Ищхъэрэм и нэхъ къалэщхуэхэм ящыщ Ставрополь 1977 гъэм иратауэ щытащ Октябрь революцэм и орденыр. АтІэ дэнэ щыІэ а орденыр? Журналистхэр кьалэм и администрацэм и архив Іуэхущапіэм псэльащ. Абы занщІэуи къыкъыщыхьраІащ: «Дамыгъэр зэрыратам теухуа тхыльыр езыри ди деж щыІэкъым. Іуэхур щекІуэкІар совет лъэхъэнэрщ. Дыщыгъуазэкъым».

КРАЙМ и правительствэми ди упщІэр телъыджэ щащыхъуащ: «Къэрал архивым е музейм фыпсалъи нэхъыфІщ».

Крайм и къэрал архив Іэнатіэм щыжаІащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и указкІэ 1977 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м къалэм Октябрь революцэм и орденыр къызэрыхуагъэфэщащ, арщхьэкІэ дамыгъэр мы зэманым здэщыІэр зэрамыщІэр.

Музейм и унафэщІ Охонькэ Николай дыщигъэгъуэзащ: «Ставрополь и правительствэ дамыгъэ закъуэр ди деж щыІэкъым икІи здэщыІэри тщІэркъым». Арщхьэкіэ абы щІэлъу мыщІэкІащ 1978 гъэм накъыгъэм и 11-м Лермонтовым и цІэр зезыхьэ драмтеатрым и сценэм КПСС-м и ЦК-м и Политбюром хэт, ЦК-м и секретарь Суслов Михаил Ставрополь и бэракъым а орденыр щыхилъхьам траха сурэтхэр.

Иджы ягъуэтыжыркъым. Зыри хуеижу щыщІэкІынкъым. Прокуратурэм зыхуагъэзати, къахутегъэхьакъым: нэхъ къалэн гуГуэхэ къапэщытщ. Пэжынщ, ауэ фэеплъыщэ?

***Планэпэр зыгъэхьэзырар* ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖъэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; здэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм ящыщхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтеуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖъэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Инн э** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэлъыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.086 ● Заказ №343